# Зэкъуэтыныгъэм и щапхъэт



**2024 гъэм гъатхэпэм и 21-м Урысейм и ЦИК-м 163-нэ зэIущIэр иригъэкIуэкIащ икIи Урысей Федерацэм и президент хэхыныгъэхэм къарикIуахэм теухуа протоколым мыхъур трагъэуащ.**

ЦИК-м и УнафэщI Памфиловэ Эллэ зэрыжиIамкIэ, IэIэтым хэтын хуейуэ цIыху 113 011 059-рэ ятхащ. УФ-м и президент хэхыныгъэхэм кърихьэлIащ 87 575 075-рэ (ар процент 77,49-рэ мэхъу). Абыхэм ящыщу цIыху мелуани 2,6-м хэхыныгъэхэр къэмыс щIыкIэ Iэ яIэтащ, 388 791-р хамэ къалхэм къыщызэрагъэпэща хэхыпIэхэм къекIуэлIащ, хэхакIуэ 7910-м Калининград, Ленинград, Псков областхэм щыIэ гъунапкъэ хэхыпIэхэм Iэ щаIэтащ. ЦIыху мелуани 8-м щIигъум дистанционнэ электрон IэIэтыр къагъэсэбэпащ, хэхакIуэ мелуани 5,1-м «Мобильный избиратель» IэмалымкIэ я къалэныр ягъэзэщIащ.

Протокол 94 243-р къапщытэжа нэужь, Путин Владимир щхьэкIэ цIыху 76 277 70-м Iэ зэраIэтар яубзыхуащ, ар хэхакIуэхэм я процент 87,28-рэ мэхъу икIи абы ипкъ иткIэ, ХэхакIуэ комиссэ нэхъыщхьэр Урысей Федерацэм и Президенту Путин Владимир зэрыхахам щыхьэт техъуэри, унафэ къищтащ.

Памфиловэм жиIащ хэхыныгъэхэр пэжу, зэIухауэ, зэи къэмыхъуауэ, цIыху куэд кърихьэлIэу зэрекIуэкIар. Къэрал УнафэщIым и гъусэу хэхыныгъэхэм хэтахэри абы къарикIуахэм арэзы къащI, дяпэкIэ зэгъусэу къэралым хуэлэжьэну я мурадщ.

Комиссэм и протоколхэм зэритымкIэ, Харитонов Николай - проценти 4,31-рэ (3 768 470), Даванков Владислав - проценти 3,85-рэ (3 362 484), Слуцкий Леонид - проценти 3,2-рэ (2 795 629) IэIэту къахьащ.

Путин Владимир щхьэкIэ Iэ зыIэтахэр япэрейм еплъытмэ, цIыху мелуан 20-кIэ нэхъыбэ хъуащ. 2018 гъэм Путиныр къыхахат цIыху 56 430 712-м. «Абы къегъэлъагъуэ ди цIыхухэр щытыкIэ гугъу щихуам деж зэрызэкъуэувэфыр», – жиIащ Памфиловэм. Хамэ къэралхэм Iэ щызыIэтахэм я бжыгъэр къапщтэмэ, ар 2018 гъэм елъытауэ нэхъ мащIэщ. Ар къызыхэкIар къэрал унафэщIхэм хэхыпIэхэр зэрагъэмэщIарщ. Япэм хэхыпIэу 401-рэ щыIамэ, иджы 295-рэ хъууэ арат. Хамэ къэралхэм Iэ зэрыщаIэтар зэхэплъхьэмэ, процент 72,3-рэ мэхъу. Димыныбжьэгъу къэралхэм, Германием псалъэм папщIэ, Путиным процент 56,82-р къыщыдэщIащ, Эстонием - процент 75,22-рэ, Латвием - процент 70,6-рэ, Австралием - процент 53,6-рэ, Арменией - процент 54,7-рэ, США-м - процент 42,23-рэ. А къэралхэми хэхыныгъэхэр ныкъусаныгъэншэу щекIуэкIащ.

- Къапщтэмэ, едгъэкIуэкIа кампаниер «къабзэу» щытащ, псоми жэуаплынгъэ яхэлъу лэжьащ. Зы гукъанэ ЦИК-р хэплъэн хуейуэ ди деж къэсакъым. Комиссэм тхыгъэ 14 389-рэ къыIэрыхьащ, абы хабзэр къыщызэпауду гурыщхъуэ ящIу яхэтар 459-рэщ, ар проценти 3,8-рэ къудейщ зэрыхъур. ХэхыпIэхэм мыхъумыщIагъэ къызэрыщыхъуам щхьэкIэ, IэIэтыр щыхэдмыбжа мы гъэм щыIакъым. Ауэ Избиркомхэм щылажьэу цIыхуи 9-м, зы мелуаным щыщу, я къалэныр ящхьэщытхащ, къемызэгъыу защIати.

Псори зэпэщу зэрекIуэкIар и фIыгъэщ видеокIэлъыплъыныгъэми. Системэр зэхагъэзэрыхьыну ди бийхэм сыт хуэдиз къару ирахьэлIами, яхузэфIэкIакъым. Апхуэдэ дыдэу телефон терроризмэми зыри къикIакъым. Дэ дызэригугъамкIэ, бюллетень нэхъыбэ Iисраф ящIыфыну щытащ, ауэ хэгъэгу 26-м ашык 30-м щеIэбауэ аращ. Адрей псори комиссэм хэтхэм ябжыфащ. Мыхьэнэшхуэ иIэщ хэхыныгъэхэм хэта адрей кандидатхэм я мыарэзыныгъэ къызэрыхэмыкIами. Абыхэм комиссэм и лэжьыгъэмрэ Iуэхум кърикIуахэмрэ даIыгъащ, – жиIащ Памфиловэм.

ЛДПР-м къыбгъэдэкIа Слуцкий Леонид къызэрилъытэмкIэ, «зы текIуа щыIэщ, хэна щыIэкъым». «Iэ зэраIэта Iэмалри, ар къызэрабжыжа щIыкIэри къызыхуэтыншэт. Дэ дяпэкIи дылэжьэнущ Урысей Федерацэм и Президентым и гупсысэхэр дэтIыгъыу, ди цIыхубэм защIэдгъакъуэу», – жиIащ Слуцкэм.

Даванков Владислав («Новые люди») комиссэм хэтхэм ящытхъуащ. Я IэщIагъэм зэрыхуэIэзэр жиIащ. «Новые люди»-м хэхыныгъэхэм ипэ къиихуэу къигъэлъэгъуа Iуэхугъуэхэр законотворческэ жэрдэм зэращIынур игъэбелджылащ. Куэд мыщIэу ди гупсысэхэр етхьэлIэнущ УФ-м и Правительствэм и УнафэщI Мишустин Михаил», – жиIащ кандидатым.

«Хэхыныгъэхэр иухащ, ауэ лэжьыгъэхэм дяпэкIэ щIидзэу аращ», – жеIэ Путин Владимир и центральнэ штабым и унафэщIхэм ящыщ, УФ-м и Театрхэм и лэжьакIуэхэм я союзым и тхьэмадэ Машков Владимир.

- ЦИК-ми, информационнэ системэхэми, ди хэхакIуэхэми Iуэхур къызэпаудыну зыкъезыпщыта къомым емылъытауэ, псори зэIухауэ, пэжу, тыншу екIуэкIащ. ЦIыхубэм езым зыхуейр къыхихащ. Абы кърикIуари мыбдеж щынэрылъагъущ. Абы къегъэлъагъуэ ди кандидатым дзыхьышхуэ къызэрыхуащIар, илъэс куэд ипэ абы къыщIидза лэжьыгъэр дяпэкIи къыпищэну зэрафIэкъабылыр. Псоми фIыщэ фхузощI, ди ТекIуэныгъэмкIи сынывохъуэхъу», - щыжиIащ Машковым ЦИК-м и зэхуэсым.

**НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.**

---

**● КъБР-м и Парламентым**

# Дзэ Iуэху хэхам хэтхэм зэрызыщIагъакъуэм дыщIагъу

**КъБР-м и Парламентым и УнафэщI Егоровэ Татьянэ зи чэзу зэIущIэр гъатхэпэм и 21-м иригъэкIуэкIащ. Абы хэтащ УФ-м и Президентым и полномоченнэ лIыкIуэу КИФЩI-м щыIэм и Аппаратым Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iуэхухэмкlэ и федеральнэ инспектор КъуэщIысокъуэ Тимур, КъБР-м къэрал кIуэцI Iуэхухэмкlэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащIэ Крючков Вячеслав, КъБР-м и прокурор Хабаров Николай сымэ.**

ЗЭIУЩIЭМ Прохладнэ районым и суд IуэхущIапIэ №2-м и зэзыгъэкIуж хеящIэу щыхахащ Шыкъ Анжелэ.

Депутатхэр арэзы техъуащ «КъБР-м дыкъэзыухъуреихь дунейр щыхъумэным теухуауэ» КъБР-м и Законым, «Псыр къызэрагъэсэбэп Iэмалхэмрэ зэрахъумэмрэ ехьэлIа лэжьыгъэхэр къызэгъэпэщыным ехьэлIауэ» КъБР-м и Законым и 3, 5-нэ Iыхьэхэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и зыгъэпсэхупIэхэмрэ узыншагъэр щрагъэфIакIуэ и щIыпIэхэмрэ я IуэхукIэ» КъБР-м и Законым, КъБР-м и ЩIы кодексым, «КъБР-м адэ-анэм я нэIэм щIэмыту къэнахэмрэ сабий зеиншэхэмрэ зэрыщызыщIагъакъуэ Iэмалхэм дыщIагъум теухуауэ» КъБР-м и Законым и 6-нэ Iыхьэм зэхъуэкIыныгъэхэр халъхьэнымкIэ КъБР-м и законхэм я проектхэм.

Иужьрейр зытеухуар зеиншэу, адэ-анэм я нэIэм щIэмыту къэхъуахэм ящыщ дзэ Iуэху хэхам хэту хэкIуэдамэ, къэралым кърітын хуея фэтэрыр и унагъуэм къылъысыну Iэмал зэраIэнурщ. Законопроектыр къыхилъхьащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщI **Егоровэ Татьянэ**.

- Законым зэхъуэкIыныгъэхэр хэтлъхьэныр къызыхэкIар пенсэм щыс зы цIыхубзым и Iуэхур зэхэдгъэкIыну къыдэлъэIуу зыкъызэрытхуигъэзарщ. Абы зэхигъэкIыну хуейт япIыну къащта и къуэрылъхур хэкIуадэмэ, щIалэм кърaтын хуей фэтэрыр и унагъуэм къыIэрыхьэнрэ къыIэрымыхьэнрэ. «УФ-м адэ-анэм я нэIэм щIэмыту къэнахэмрэ сабий зеиншэхэмрэ зэрызыщIагъакъуэ Iэмалхэм теухуауэ» федеральнэ законым дыщыхэплъэм, къыщIэщащ зеиншэр дунейм ехыжамэ, фэтэр кърaтыну абы иIэ хуитыныгъэхэр зэрыкIуэдыр. Иджыпсту дызэрыт щытыкIэр, цIыхухэм къэралыр яхъумэу дзэ Iуэху хэхам зэрыхэтыр, къапщтэмэ, къэхъунур зыми ищIэркъым. Абы къыхэкIыу, сэ нэхъ тэмэму къызолъытэ СВО-м хэт зауэлIыр хэкIуадэмэ, фэтэр кърaтыну абы иIа хуитыныгъэхэр и унагъуэм къыхуэнэн хуейуэ», - жеIэ Егоровэ Татьянэ.

КъБР-м и Парламентым и УнафэщIым и жэрдэмыр УФ-м и Къэрал Думэм ирагъэхьащ икIи ар щIыналъэ, къэрал къулыкъущIапIэ куэдым къыщыдаIыгъащ. «Республикэм игъэзэщIэн хуей къалэнхэр куэд хъуми, мы Iуэхур къыддиIыгъащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбеки», - дыщIигъуащ Егоровэм. Законым халъхьэ зэхъуэкIыныгъэхэр ягъэзэщIэн папщIэ, республикэм и бюджетым щыщу сом мелуан 24-м нэблагъэ къыхагъэкIынущ.

ЗэхъуэкIыныгъэхэр халъхьащ КъБР-м и Парламентым и ЩIалэгъуалэ палатэм хэтхэм.

ЗэIущIэм щедэIуащ КъБР-м Къэрал кIуэцI Iуэхухэмкlэ и министерствэм 2023 гъэм зэфIигъэкIа лэжьыгъэм. Депутатхэр еплъащ министерствэм и Iуэхухэр къыщызэщIакъуэжа фильмым. **Крючков Вячеслав** къыхигъэщащ министерствэр, республикэ унафэщIхэмрэ хабзэхъумэ IэнатIэхэмрэ я гъусэу зэрылэжьам и фIыгъэкIэ, цIыхухэм я хуитыныгъэхэр хъумэнымрэ къэралым и Iуэхухэр къызыхуэтыншэу екIуэкIынымрэ къызэрызэрагъэпэщыфар, лIэужьыгъуэ зэхуэмыдэхэмкIэ ялэжь щIэпхъаджагъэхэм я бжыгъэр нэхъ мащIэ зэращIар.

- Процент 16,7-кIэ нэхъ мащIэ хъуащ нэгъуэщIым и мылъку зэрадыгъур. Апхуэдэ щIэпхъаджагъэу 2023 гъэм ялэжьар 9 къудейщ. Къэбгъэлъагъуэмэ, цIыхухэмрэ абыхэм я мылъкур зэрадыгъумрэ теухуауэ ялэжь щIэпхъаджагъэ хьэлъэу къыщIэдгъэщар процент 80-м щIегъу, - къыхигъэщащ къэпсэлъам. - Iулъхьэ зэрызэIэпахым ехьэлIа щIэпхъаджагъэу къыщIэдгъэщар процент 76,2-кIэ нэхъыбэщ, сату-энергетикэ IэнатIэм епха экономикэ щIэпхъаджагъэхэр - процент 66,7-кIэ. Илъэси 8 - 17 хъу сабийхэм хухах ахъшэу сом мелуани 108-м нэс зыдыгъуа гупым я Iуэхур къызэпыдудащ.

Крючков Вячеслав жиIащ лъэпкъхэм я зэхуаку зэгурымыIуэныгъэ къыдэмыгъэхъуэнми набдзэгубдзаплъэу IуэхущIапIэр зэрыкIэлъыплъар.

Къэпсэлъар къытеувыIащ хамэ къэрал къикI цIыхухэр къэпщытэнымрэ хабзэм къемызэгъыу къакIуэхэр къэгъэувыIэнымрэ ехьэлIауэ ирагъэкIуэкI лэжьыгъэми. Апхуэдэу, 2023 гъэм къыщIагъэщащ хамэ къэралхэм къикIауэ республикэм и хабзэм къемызэгъыу щылажьэхэм ятеухуа Iуэху 1 369-рэ. Къэралым ирагъэкIыжащ цIыху 21-рэ.

Наркотик зэрызэбграгъэкI Iэмал 18 министерствэм къызэтрагъэувыIащ, апхуэдэу килограмм 40-м щIигъу къытрахащ, акъылыр зыгъэутхъуэу - килограмми 6. «Мак» зыфIаща Iуэхум хыхьэу, Къэбэрдей-Балъкъэрым наркотик зыхэлъ къэкIыгъэхэр езыр-езыру къыщыкI и щIыпIэ 49-м ахэр щагъэкIуэдащ. Крючков Вячеслав къыхигъэщащ наркотикым зэрыпэщIэт Iуэхухэм егъэджэныгъэ IэнатIэхэри къыхыхьэн зэрыхуейр, ныбжьыщIэхэр абы пэIэщIэ зэрыщащIыным елэжьу.

Абы жиIащ терроризм Iуэхухэм пыщIауэ цIыхуи 7 къызэрагъуэтар, апхуэдэ гупсысэхэр зэрызэбграгъэкI тхыгъэхэр Интернетми къызэрыщызэтрагъэувыIар. Къэпсэлъам къызэрыхигъэщамкIэ, илъэсым кърииубыдэу ятха щIэпхъаджагъэхэм я бжыгъэр нэхъ мащIэщ, цIыху куэд зэкIуалIэ щIыпIэхэм шынагъуэншагъэр тэмэму къыщызэрагъэпэщащ. Гъуэгум хабзэхэр къызэрыщызэпаудым и гугъу щищIым, къэпсэлъам жиIащ транспорт зэжьэхэуэхэм хэкIуэдар нэгъабэ куэдкIэ нэхъ мащIэу зэрыщытар. «Ди къалэнхэр псори дгъэзэщIэфын папщIэ, республикэм и IуэхущIапIэ псори дызэдэлэжьэн хуейуэ къызолъытэ, дэ адэкIи пытщэнущ ди цIыхухэр хъума зэрыхъуну лэжьыгъэр едгъэкIуэкIыным», - дыщIигъуащ къэпсэлъам.

КъБР-м Къэзыпщытэ-къэзыбж и палатэм и унафэщI **КIасэ Динэ** тепсэлъыхьащ IуэхущIапIэр 2023 гъэм зэлэжьа Iуэхухэм. Абы зэрыжиIамкIэ, УФ-м ФинансхэмкIэ и министерствэм 2020 гъэ лъандэрэ Къэбэрдей-Балъкъэрыр къегъэлъагъуэ ахъшэр тэмэму къэзыгъэсэбэп щIыналъэу. Палатэм нэгъабэ къэпщытэныгъэ лэжьыгъэу 54-рэ иригъэкIуэкIащ, IуэхущIапIэ 88-рэ къызэщIаубыдэу. Абыхэм япкъ иткIэ, сом мелуан 66,2-м ехьэлIауэ хабзэр къызэрызэпаудар, сом мелуани 4,2-рэ хъу бюджет ахъшэр зэгъэзэхуауэ къызэрамыгъэсэбэпар ирагъэгъэзэкIуэжащ. Жэуапым ирашэлIащ къулыкъу зыIыгъ цIыху 28-рэ. Палатэм и IэщIагъэлIхэм административнэ хабзэхэр къызэрызэпауда Iуэху 25-рэ къызэIуахащ. Мы зэманым ирихьэлIэу Iуэху 19-м ехьэлIауэ административнэ жэуап зэрырагъэхьынум теухуа унафэхэр къиштащ судым.

КъБР-м и Парламентым и УнафэщIым и къуэдзэ **Жанатаев Сэлим** зэIущIэм къыщыпсэлъащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм 2023 гъэм къищта хабзэхэм теухуауэ.

**БАГЪЭТЫР Луизэ.**

---

# Мы махуэхэм

**Гъатхэпэм и 23, *щэбэт***

◆**Метеорологием и дунейпсо махуэщ**

◆**Урысейм и Гидрометеорологие IэнатIэм и лэжьакIуэхэм я махуэщ**

◆**1923 гъэм** къалъхуащ Зеикъуэ къуажэм щIыхь зиIэ и цIыхуу щыта, IуэрыIуатэдж **ХьэфIыцIэ Мусэбий**.

◆**1939 гъэм** къалъхуащ УФ-м щIыхь зиIэ и юрист, юстицэмкIэ 2-нэ класс зиIэ къэрал чэнджэщэгъу **Абазэ Руслан**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уфауэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 6 - 7, жэщым градуси 3 - 5 щыхъунущ.

**Гъатхэпэм и 24, *тхьэмахуэ***

◆**Жьэн узым ебэныным и дунейпсо махуэщ.**

◆**Урысейм и Дзэ-Хьэуа къарухэм я штурман IэнатIэм и махуэщ**

◆**1948 гъэм** къалъхуащ философие щIэныгъэхэмкIэ доктор, ЩIДАА-м и академик, КъШР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Шенкао Мухьэмэд**.

◆**1951 гъэм** къалъхуащ КъБР-м щIыхь зиIэ и артист **Хъыдзэдж Борис**.

◆**1952 гъэм** къалъхуащ КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист **Шыдакъ Татьянэ**.

◆**1959 гъэм** къалъхуащ адыгэ IуэрыIуатэдж, этнолог, филологие щIэныгъэхэм я доктор, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, ЩIДАА-м и академикыу щыта **ЦIыпIынэ Аслъэн**.

◆**1960 гъэм** къалъхуащ уэрэджыIакIуэ, Адыгэ Республикэм и цIыхубэ артисткэ **Нэхей Тамарэ**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уфауэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 8 - 10, жэщым градуси 2 - 6 щыхъунущ.

**Гъатхэпэм и 25, *блыщхьэ***

◆**ЦIыхур гъэпщылIынымрэ щхьэхуимытхэмкIэ сату щIынымрэ я лей зытехьахэм я дунейпсо махуэщ**

◆**ООН-м и лэжьакIуэхэу гъэру яIыгъхэм, хъыбарыншэу кIуэдахэм къащхьэщыжыным и дунейпсо махуэщ**

◆**Спорт кином и дунейпсо махуэщ**

◆**Урысей Федерацэм щагъэлъапIэ Щэнхабзэм и лэжьакIуэхэм я махуэр**

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уфауэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 10 - 12, жэщым градуси 2 - 3 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар* **ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ**.

**Лъэпкъ Iущыгъэ:**

**Шынэ здэщымыIэм укIытэ щыIэкъым.**



● Пщэдей Жьэн узыфэм ебэныным и дунейпсо махуэщ

# Узыфэр и чэзум къыщыпхутэфынур

**Узыншагъэр хъумэнымкIэ дунейпсо зэгухьэныгъэм и жэрдэмкIэ гъатхэпэм и 24-р Жьэн узым ебэныным и дунейпсо махуэу ягъэуващ. Апхуэдэ щIыкIэкIэ я мурадт ар шынагъуэу зэрыщытыр, абы упэщIэтынымкIэ пщIэн хуейхэр цIыхубэм я деж нахьэсыну. Илъэс къэсыхукIэ а узыфэм йолIыкI цIыху мелуан 1,6-м нэблагъэ. Нобэр къыздэсым ар къалъытэ медицинэр «зытемыкIуа узыфэу», абы къыхэкIыуи жылагъуэр зыпэщIэт гугъуехь нэхъыщхьэхэм хабжэ.**

ЖЬЭН УЗЫР хьэлъэу узыгъэсымаджэ узыфэ зэрыцIалэщ. А узыр къызыпкърыкI микробхэр гъэкIуэдыгъуейщ, абы къыхэкIыу сымаджэм дежкIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ къабзагъэм, ар сыт и лъэныкъуэкIи зыкIэлъыплъыжын хуейщ. Псом хуэмыдэу сакъын хуейщ лы, шэ, шатэ, джэдыкIэ хуэдэхэр къыщыпщэхукIэ. А ерыскъыхэм жьэн узыр къэзыгъэхъей микробхэр нэхъ яхуэлъэщ, абы къыхэкIыу ахэр щащэ щIыпIэхэм къабзагъэм и хабзэхэр къыщызэпаудмэ, цIыхум и узыншагъэм и дежкIэ абы къашэ шынагъуэр къыпхуэмылъытэнщ.

Сымаджэр щыпсчэкIэ, къыщепскIэ, щыпсалъэкIэ, и Iупсыр тэмакъым къыщытригъэкIкIэ къыжьэдэкI микробхэр метритIкIэ «зэбгролъэт», ихъуреягъкIэ щыIэ хьэпшыпхэри хьэуари яуцIэпIу. Апхуэдэу жьэн узыр зыпкърыт сымаджэр щыпсчэм ирихьэлIэу сабийр бгъэдыхьамэ, зэман мащIэкIэ фIэкIа абы и гъусэу щымытами, ар зэуэ къицIэлэнущ.

Сабийм и IэпкълъэпкъыIр быдэу зэрызэрымыубыдам къыхэкIыу, жьэн узым и микробым «хуэзэ» сабии 100-м щыщу еплIанэр сымаджэ мэхъу. ГъэщIэгъуэныращи, а узыр къызэрыпкърыхьар къыумыщIэу зэман куэд дэкIынкIи хъунущ. ЖэщкIэрэ къэпщIантIэу, къыхэпсчыкIыу зэрыщытыр къафIэмыIуэхуу мазэ зыбжанэкIэ йокIуэкI. А зэманым къриубыдэу Iэпкълъэпкъыр йоныкъуэкъу бактерием икIи хуэм-хуэмурэ тхьэмбылым «тIысыпIэ» зэрыщищIыным хущIокъу. Абдежым тхьэмбылым игъуэта сэкъатыр зыхуэдэр фIы дыдэу къыпхуэщIэнущ флюорограф IэмэпсымэмкIэ. Нобэ медицинэ щIэныгъэм сыт хуэдэу зимыужьами, жьэн узым упэщIэтыныр кIуэ пэтми нэхъ гугъу мэхъу икIи Япэ дунейпсо зауэм и лъэхъэнэм абы и лъэныкъуэкIэ дызэрыта щытыкIэм дыкъызэрыщхьэщыкIышхуэ щыIэкъым.

Узыфэ зэрыцIалэм зыщыпхъумэфынущ БЦЖ мастэмкIэ. Абы и фIыгъэкIэ жьэн узыр къызэуалIэ сабийхэм я бжыгъэр нэхъ мащIэ хъуащ, сымаджэхэми узыр къатемыхьэлъащэу йокIуэкI. Япэ мастэр сабийр дунейм къызэрытехьэрэ махуи 3 - 5 нэхъ дэмыкIыу халъхьэ, етIуанэр - илъэси 7 хъуа нэужь, къыкIэлъыкIуэу балигъыпIэ щиувэм и деж иджыри зэ къытрагъэзэж. Ауэ япэщIыкIэ сабийхэм Манту мастэр халъхьэри, абы къигъэлъагъуэм елъытауэ къытрагъэзэжу аращ. Мастэр зыхалъхьа щIыпIэм и деж мм 10 хуэдизу плъыжь цIыкIуу къэпщмэ, абы къегъэлъагъуэ узыфэ зэрыцIалэм и бактериехэм щыщ сабийм къызэрыжьэхэуар. Манту мастэр Iэмал имыIэу илъэс къэс сабийм хэлъхьэн хуейщ, ар абы и узыншагъэм зыкIи зэран хуэхъунукъым.

Жьэн узыфэр зыпкърыт сабийхэр балигъхэм нэхърэ куэдкIэ нэхъ тыншу пхуогъэхъуж, ауэ абы папщIэ ар хэмытIэсауэ щытын хуейщ. Апхуэдэм деж сабийм унэми ущеIэзэфынущ, мазищкIэ ар егъэфэн хуейщ жьэн узым зэрыпэщIэт хущхъуэм витаминхэр и гъусэу. Узыр хэтIэсамэ, абы нэхъри зиубгъункIэ шынагъуэ щыIэщи, ныбжьыщIэр сымаджэщым щIагъэгъуалъхьэ, иджы абы ирахьэлIэ хущхъуэхэри нэхъыбэнущ, илъэсым нэблагъэкIи дохутырхэр къыкIэлъыплъынущ.

Сабийр дунейм къытемыхьэ щIыкIэ жьэн узым зэрыщыпхъумэным хущIэкъупхъэщ. Апхуэдэу унагъуэм хэхъуэ яIэнумэ, абы щIэс псоми я узыншагъэр флюорограф IэмэпсымэмкIэ кърагъэпщытэн хуейщ. Сабийр дунейм къызэрытехьэу анэми апхуэдэ кIэлъыплъыныгъэ иригъэкIуэкIыпхъэщ.

Сабий къалъхуагъащIэр жьэн узым и бактериехэм пэщIэтыфынукъым. Абы и мастэр къыхалъхьа нэужьи, ар Iэпкълъэпкъым хэзэгъэху зэман дэкIын хуейщ. Абы къриубыдэу сабийм апхуэдэ бактерие къыпкърыхьэмэ, шэч хэлъкъым ар сымаджэ зэрыхъунум икIи ар абы къытехьэлъэнущ, уеблэмэ илIыкIынкIи хъунущ.

Сабийхэм жьэн узыр къапкърымыхьэн папщIэ гулъытэ хуэщIын хуейщ абыхэм я шхыныгъуэхэм. Абы ипкъ иткIэ лы, бдзэжьей, гъэшхэкI ерыскъыхэр, пхъэщхьэмыщхьэхэр, хадэхэкIхэр сытым дежи я Iэнэм телъыпхъэщ.

Флюорографие къэпщытэныгъэм цIыху нэхъыбэ къызэщIегъэубыдэным мыхьэнэшхуэ иIэщ. Дэтхэнэ зыми и къалэнщ и узыншагъэм кIэлъыплъыжыну икIи илъэситI нэхъыбэ димыгъэкIыу флюорографие къэпщытэныгъэ иригъэкIуэкIын хуейщ. Ауэ ар узыфэр зыхуэлъэ гупым хыхьэмэ, и узыншагъэр нэхъыбэрэ къиупщытапхъэщ. Сабий, медицинэ, егъэджэныгъэ IуэхущIапIэхэм, ерыскъым пыщIа предприятэхэм лэжьапIэ увхэм, апхуэдэу тхьэмбылым, жьэжьейм епхауэ уз гъэтIылъа зиIэхэм, фошыгъу уз зыпкърытхэм Iэмал имыIэу илъэс къэс я узыншагъэр кърагъэпщытэн хуейщ.

Жьэн узыфэр и чэзум къыщыпхутэфынур цIыхухэм жыджэру я узыншагъэм кIэлъагъэплъмэщ.

**ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэ.**

● Гъатхэпэм и 25-р Щэнхабзэм и лэжьакIуэхэм я махуэщ

# «Сыринэр» - Хьэбэз къуажэм



**Къэбэрдей-Балъкъэрым и «Сыринэ» япэ щIалэгъуалэ театрыр Къэрэшей-Шэрджэсым и Хьэбэз районым иджыблагъэ щыIащ.**

ФИГУ къэдгъэкIыжынщи, гупыр гъэ блэкIам и щэкIуэгъуэм «Театральная завалинкэ» зыфIаща зэпеуэу Москва областым щекIуэкIам хэтащ, ехъулIэныгъэ щызыIэригъэхьауи къэкIуэжащ.

Адэ-анэхэм ящыщ зыбжанэ гуп цIыкIум и гъусэу къуэш республикэм дызэрыщыIар къризгъэлъэгъуэжу къэстхэкIыжынщи, КъШР-м хыхьэ Хьэбэз къуажэм дэт ЩэнхабзэмкIэ унэм гъунэгъу дыщыхуэхъум, а IуэхущIапIэр зи хэщIапIэ «Ридадэ» инструментальнэ ансамблым хэтхэм драгъэблэгъащ.

Зи гугъу тщIа ансамблым и унафэщI Жумай Алик зыхэтхэм къахэкIри, хъуэхъу псалъэкIэ зыкъытхуигъэзащ:

- Фи къакIуэ фIы ухъу! Дэ, республикитIым щыщ адыгэхэр, дызэкъуэш-дызэшыпхъущ, абы къыхэкIыуи дызэрыцIыхуни дызэрыIыгъыни хуейщ, къытщIэхъуэ щIэблэр хабзэр, бзэр ящымыгъупщэу къэхъун папщIэ. Фыкъеблагъэ!

Къэрэшей-Шэрджэсым «Сыринэр» кIуэныр зи жэрдэмыр район администрацэм и унафэщI Жу Тимуррэ Хьэбэз къуажэм дэт ЩэнхабзэмкIэ унэм и егъэджакIуэ-гъэсакIуэ Шэрджэс Расиятрэщ.

Спектаклыр щекIуэкIыну пэшышхуэм сабийхэри, балигъхэри, егъэджакIуэхэри щIэмыхуэжу щызэхуэсат. Езы Хьэбэз къуажэм нэмыщI, абыхэм я нэхъыбэр районым хыхьэ адрей жылэхэм дэт курыт школхэм щеджэхэрат.

Нэжэгужагъэр зи нэгум къищ ныбжьыщIэ цIыкIухэр анэдэлъхубзэкIэ хуиту зэрызэпсалъэр гур хэзыгъахъуэт. Ахэр щыст щыму, бадзэ щызелъатэмэ зэхэпхыну, пэплъэрт гъунэгъу республикэм къахуикIа ныбжьыщIэхэр утыку къыщихьэнум. ЩIэдзэгъуэр къыщыблагъэм, Шэрджэс Расият пэшым щызэхуэсахэм захуигъэзащ:

- Иджы фи телефонхэр евгъэтIылъэкIи, щэху цIыкIуу адэкIи фыщыс. Мыр театрщи, утыку къихьэнухэм жаIэр хуиту зэхэфхын хуейщ. Ахэри, фэ фхуэдэ еджакIуэ ныбжьыщIэхэщ.

ЖыпIэнур арамэ, «Сыринэм» хэт артист ныбжьыщIэхэм екIурэещхьу зыкъагъэлъэгъуащ. Спектаклыр зэрекIуэкIа дакъикъэ 40-м къриубыдэу, пэшым щIэсахэм Iэуэлъауэ езыгъэщIа зы цIыху яхэмытами ярейщ. Теплъэгъуэр иуха нэужь, пэшым щIэсхэр псори къызэфIэуват, зыкъэзыгъэлъэгъуахэм Iэгуауэ ин хуаIэту.

Район администрацэм и унафэщIым и къуэдзэ Хутэ Заур Къэбэрдей-Балъкъэрым икIа сабийхэми балигъхэми хъуэхъу псалъэкIэ зыкъытхуигъэзащ, «Сыринэм» и зыкъэгъэлъэгъуэкIэм хьэщыкъ зэращIар къыхигъэщу:

- Администрацэм и унафэщI Жу Тимуррэ сэрэ къыдбгъэдэкIыу дыноволхъуэхъу! ХьэщIэхэм фи къакIуэр Тхьэм псоми тхуэфIын ищI! НыбжьыщIэхэм я зыкъэгъэлъэгъуэкIэ куэд си нэгу щIэкIами, мыпхуэдэ утыку итыкIэ зэпэщ иджыри къэс срихьэлIауэ къысхуэщIэжыркъым! Тхьэм фригъэфIакIуэ! Нобэ мыбы фыкъызэрыкIуам нэхъ гугъуехь къывимыткIэ! Си фIэщ мэхъу мы пэшым щызэхуэса хэгъэрей ныбжьыщIэхэми фи зыкъэгъэлъэгъуэкIэр ягу ирихьауэ, дерс къыхахынуи согугъэ. Мыпхуэдэ Iуэхухэр щIызэхэтшэжри дэ езыр дызыхуэлажьэри хабзэмрэ бзэмрщи, ар зэхэзыщIыкIын ныбжъыщIэ фыхъуну Тхьэм къыщIигъэкI! Дызэкъуэтмэ дылъэщщи, зым адрейм зыщIигъакъуэу псэун лъэпкъ адэкIи Тхьэм дищI! - жиIащ Хутэм.

Шэрджэс Расияти хъуэхъу псалъэкIэ зыкъытхуигъэзащ:

- Нобэ мыбдежым щызэрихьэлIахэм фIыщIэ ин фхузощI! Хутэ Заури зэрыжиIауэ, ауэ сытми фыщызэрихьэлIа къудей мыхъуу, къыщекIуэкIам дерс гуэр къыхэфхыну, ди бзэр, ди хабзэр зымыгъэкIуэдыжу зезыхьэн фыхъуну сыфхуохъуахъуэ! А хьэл-щэн дахэхэр къыфхалъхьэнымкIэ лъэкI къэзымыгъанэ ди егъэджакIуэхэми фIыщIэшхуэ яхузощI. ДызэдэIэпыкъумэ дылъэщщ. Закъуэ къарукIэ зыри зэфIэха хъунукъыми, сабийхэм папщIэ етхьэжьэ Iуэхухэр зэдэтщIэмэ, ехъулIэныгъэ диIэнущ. ФIыщIэ лей яхуэсщIыну сыхуейщ мыпхуэдэ гъэлъэгъуэныгъэ хьэлэмэткIэ къытхуэупса, «Сыринэ» театрыр Къэбэрдейм нэс къытхуизыша, гупым и унафэщI Гугъуэтыж Ахьмэдрэ режиссёр Къанкъул Ислъамрэ, сабийхэр хэкупсэу, анэдэлъхубзэр, хабзэр ящIэу зэрывгъасэм папщIэ. Фи мурадхэр адэкIи Тхьэм къывигъэхъулIэ!

Шэрджэс Расият и псалъэхэм къызэрыхигъэщауэ, езыр щылажьэ курыт еджапIэм «Этнос класс» зыфIищу къыщызэригъэпэща и гупжьейм кърищалIэ сабийхэми анэдэлъхубзэр, хабзэр зэрыригъэщIэным лъэкI къимыгъанэу яужь итщ. И дерсхэм къызэригъакIуэр щыгъын хэха ящыгъыущ: пщащэ цIыкIухэр, адыгэ фащэм ебгъэщхьыну, уагъэ зытет бостей кIыхь зэкIужкIэ зэщыхуэпыкIауэ, щIалэ цIыкIухэм адыгэ джанэ екIухэр къащылыдыкIыу.

Спектаклыр иуха нэужь, пэшым щIэсахэм я лъэIукIэ, «Сыринэм» хэт артист ныбжъыщIэхэм я гъусэу фэеплъ сурэтхэр зытрагъэхащ.

Абы кIэлъыкIуэу Шэрджэс Расиятрэ Унэгъэс Зэмрэтрэ хьэщIэхэр нэгузыужьакIуэ драшэжьащ. Хьэбэз къуажэм дэт музейм, ди адыгэхэм пасэ зэманым зэрахьэу щыта, иджы къамыгъэсэбэпыж хьэпшыпхэр щахъумэм, драшэлIащ.

Музейм щахъумэ хьэпшыпхэм якIэлъыплъ икIи ахэр зыхуей хуэзыгъазэ Хутэ Аслъэнрэ Иуан Нурийрэ гупсэхуу къытхутепсэлъыхьащ адыгэхэм нэхъапэм яIэу щыта джэгукIэхэм. Хутэ Аслъэн ди сабийхэм кърigъэлъэгъуащ чын ву джэгукIэр, «мис мыпхуэдэущ дыщыцIыкIум дызэрыджэгуу щытар», - жиIэурэ. ДжэгукIэр «Сыринэм» хэт щIалэ цIыкIухэм гъэщIэгъуэн зэращыхъуар щилъагъум, езы Аслъэни яхэту, ар дыдэмкIэ сабийхэр игъэджэгуащ.

Музейм дыкъыдэкIыжа нэужь, «Черкес» зи фIэщыгъэ шхапIэ зыкъизыхым дашэри ерыскъы гурыхьхэр къыщытхуаIэтащ. Пщыхьэщхьэхуегъэзэж кIыу гупыр гъуэгу дыкъытехьэжащ.

«Сыринэ» театрым и лэжьыгъэм адэкIи пищэнущ. УсакIуэ, драматург, «Горянкэ» газетэм и редактор нэхъыщхьэ Къаныкъуэ Заринэ «МафIэгу» зыфIища и тхыгъэм къытращIыкIа спектаклыр мэлыжьыхьым ягъэлъэгъуэну ягъэхьэзыр.

**КЪАНКЪУЛ Раисэ.**




# Концертым фрагъэблагъэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм республикэм щыпсэухэмрэ и хьэщIэхэмрэ ирегъэблагъэ Балъкъэр лъэпкъым и къэщIэрэщIэжыныгъэм и махуэм хуэгъэпсауэ гъатхэпэм и 28-м екIуэкIыну «В танце дружбы - крылья возрождения» махуэшхуэ концертым.Абы щIидзэнущ сыхьэт 16.00-м.

ФыщIэупщIэ хъунущ мы телефонымкIэ: 42-43-13

# Акъылыр жьакIэм ежьэркъым

● Фэеплъ







***Дызэрыгушхуэ адыгэ Iуэрыlуатэр, лъэпкъ щэнхабзэр ипэжыпIэкIэ зи псэм хэлъу зи гъащIэр езыхьэкI цIыху закъуэтIакъуэхэм ящыщт ди тхыгъэр зытеухуа щIалэр. Ар КъБКъУ-м филологиемкIэ и институтым Кавказ Ищхъэрэм щыпсэу лъэпкъхэм я литературэмрэ IуэрыIуатэмкIэ и кафедрэм и унафэщIу лэжьа, «филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор», «профессор», «КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэхэмрэ къулыкъу лъагэхэмрэ зыхуагъэфэщэну хунэса, хэкупсэ нэс ЦIыпIынэ Аслъэн (Арсен) Iэмырбий и къуэращ. КъикIуа гъуэгуанэм уриплъэжмэ, лъэпкъ нэщэнэхэмкIэ гъэнщIа тхыпхъэщIыпхъэ хьэлэмэтхэр къызытещ алэрыбгъу ин уи нэгу къыщIоувэ. Абы IупщIу къытощ адыгэхэм я дежкIэ мыхьэнэ ин зиIэ икIи дэр фIэкIа нэгъуэщI зыгуэрхэми яхуэмыщ Iуэхугъуэ дахэхэр, апхуэдэуи хыболъагъукI а алэрыбгъур зыщIам щIэныгъэрэ зэфIэкIрэ, хабзэрэ нэмысу бгъэдэлъамкIэ цIыхухэм я деж къыщихьа пщIэмрэ гулъытэмрэ, хэлъа гъэсэныгъэмрэ абыкIэ нэгъуэщIхэм зэрадэгуэша щIыкIэмрэ.***

АДЫГЭ мэкъумэшыщIэ унагъуэм къыхэкIа Аслъэн и акъылрэ зэфIэкIкIэ и ныбжьэгъухэм сыт щыгъуи къахэщу, нэхъыжьхэм я щытхъу къихьу къэхъуащ. Абы и адэ Iэмырбий (псори зэреджэр ЛутIэт) и гъащIэр лэгъупэжьу ирихьэкIащ. Иджыри щIалэ цIыкIуу Аслъэн и адэм и гъусэу мэлыхъуэ пщыIэм куэдрэ тесащ, Iэпыдзлъэпыдзу. Махуэ псом губгъуэм ита мэлыхъуэхэр абы уэтэрым къригъэблэгъэжырт, хьэлIамэ яхуищIарэ яхуигъэвэжауэ, жэмхэр къишауэ. Абы щыгъуэм деж абы «тхьэкIумэ лъэныкъуэкIэ» зэхихырт лIыжьхэр езырезыру зэхэтIысхьэжамэ, сабийм хузэфIэкIа мащIэр фIыщIэ зэращIыр. Нэхъ щытхъу лъапIэ дыдэу къилъытэри «И адэм хуэдэу лэжьакIуэжь хъужынущ ар», - къыщыхужаIэрт. Зи адэр фIыщэу зылъагъу, ар сыткIи щапхъэфIу къэзылъытэ щIалэ цIыкIум апхуэдэ псалъэхэм и гур хигъахъуэрт, сыт хуэдэ Iуэхуми и лъэр нэхъри жан хуищIырт. Гъэмахуэ жэщ кIыхьым, зым къыщIидзэрэ адрейм пищэу, мэлыхъуэхэм, шыхъуэхэм зэпадзыжу яIуатэу щыта адыгэ хъыбарыжьхэм едаIуэрейт Аслъэн. А псоми фIэфIу, фIэхьэлэмэту едаIуэ сабийм и псэм къыщыушащ лъэпкъ IуэрыIуатэм хуэгъэпса лъагъуныгъэ. Ар нэхъри щIигъэбыдащ егъэджакIуэу къуажэ школым куэдрэ щылэжьа, адыгэ бзылъхугъэ щыпкъэм и щапхъэ, быниблым я анэ Цацэ.

Ашэбей (Малкэ) къуажэм дэт курыт школыр 1976 гъэм фIы дыдэу къиуха нэужь, Аслъэн зы илъэскIэ 11-нэ училищэм щеджащ икIи водитель-слесарь IэщIагъэр зригъэгъуэтауэ къэралым къулыкъу хуищIэну дзэм дэкIащ. А къалэныр щытхъу пылъу ирихьэкIри, 1979 гъэм щIалэм ди щIыпIэм къигъэзэжащ икIи КъБКъУ-м урысыбзэмрэ литературэмкIэ и къудамэм лъэпощхьэпоуншэу щIэтIысхьащ. Еджэнми университетым щекIуэкI Iуэхугъуэхэми хуэжыджэру студент илъэсхэр ирихьэкIащ ЦIыпIынэм. Къапщтэмэ, еджапIэм и къэфакIуэ ансамблым илъэситхукIэ хэтащ, япэ къищыф и ныбжьэгъухэм яхэмыту. А зэманым къриубыдэу университетым и ФОП (жылагъуэ IэщIагъэмкIэ факультет) къудамэри къиухащ Аслъэн. Абы щызригъэгъуэта «журналист», «цIыхубэ къэфакIуэ ансамблым и унафэщI» IэщIагъэхэр иужькIэ гъащIэм куэдрэ сэбэп къыщыхуэхъуащ.

Лъэпкъ IуэрыIуатэм щIапIыкIами, ар и псэм, и лъым хэлъу къэтэджами, щIэныгъэ и лъэныкъуэкIэ абы гу хуезыгъэщIар и егъэджакIуэ Тресков Ильящ. Еджэныр и кIэм нэсу, дипломым яужь ихьэн хуей щыхъум, Тресковым, щIалэр дэзыхьэх Iуэхугъуэхэр къилъытэри, чэнджэщ иритащ и квалификацэ лэжьыгъэр IуэрыIуатэм триухуэну. Апхуэдэуи ищIащ абы. ЦIыпIынэм и лэжьыгъэм щызэригъэпщащ урыс частушкэхэмрэ адыгэ къебжэкIхэмрэ, абыхэм зэщхьуи зэщхьэщыкIыныгъэуи яIэхэр нэсу къигъэлъэгъуащ. Къызыхуэтыншэу гъэхьэзыра хъуа диплом лэжьыгъэр ехъулIэныгъэкIэ пхигъэкIащ икIи университетыр диплом «плъыжькIэ» къиухащ.

Тресковым и чэнджэщкIэ, лэжьапIэ увын мурадкIэ ар 1984 гъэм кIуауэ щытащ щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым.

- Зи шыщхьэр дэнэкIи гъэзами ипэкIэ сымыщIа щIэныгъэ IуэхущIапIэм и бжэIупэ япэу сыщыIухьар нобэ хуэдэу сощIэж. Сэ занщIэу сыщIыхьащ абы щыгъуэ IуэрыIуатэмкIэ къудамэм и унафэщIу лэжьа Нало Заур и деж икIи «сэ схуэдэ дэнэ щыIэ» жысIэу, «хыр сукIыу ебланэр кIэсу къэсхьауэ» фIэкIа къысщымыхъужу (сигу къыздэкIыжым соукIытэ) и пащхьэ сиуващ, - игу къигъэкIыжырт Аслъэн, и илъэс 50 юбилейм ирихьэлIэу зы напэкIуэцI згъэхьэзырыну «Адыгэ псалъэм» къалэн къысщищIу абы сыщыхуэзам щыгъуэ. – Арщхьэк Iэ зи лэжьыгъэм фIы дыдэу хэзыщIыкI, куэд щIауи абы пэрыт щIэныгъэлIым IуэрыIуатэмкIэ упщIэ зыбжанэ къыщызитым, толъкъуным бдзэжьейр ныджэм къызэрытридзэм хуэдэу, утыкум сыкъихуащ. СымыщIэ щымыIэу къысщыхъужу сызыхуэкIуа Наломабы щыгъуэ зызигъэщIэжауэ щытащ, щIэныгъэ зэбгъэгъуэтыным гъунапкъэ зэримыIэри къыщызгурыIуари абдежщ.

НэхъыжьыфIым и дамэм щIигъэуващ ЦIыпIынэр. Заур и нэIэм щIэтурэ, лэжьыгъэр щызэтриублащ институтым и архив IэнатIэм. Абы щIэлът щIэныгъэлIхэм, къэхутакIуэхэм илъэс бжыгъэкIэ, 1949 гъэм къыщыщIэдзауэ Къардэнгъущl Зырамыку я пашэу, къуажэ-къуажэкIэрэ къызэхакIухьурэ ди щIыналъэм и жылэ псоми щызэхуахьэсу пленкэхэм трагъэтхэжа адыгэ уэрэдыжьхэр, псалъэжьхэр, жыIэгъуэхэр, таурыхъхэр – адыгэ IуэрыIуатэм лъабжьэ хуэхъу тхыгъэ псори. Аслъэн и къалэнт а магнитофон плёнкэхэм тет псори къытрихыурэ тхылъымпIэхэм зэгъэкIуауэ, зэхэхауэ иритхэжыну. А лэжьыгъэм илъэси 3-м щIигъукIэ пэрытащ ар. Пэжщ, тыныштэкъым зи щхьэгъубжэхэм и ныкъуэр щIым къыхэмыщ пэшым, апхуэдизрэ ущылэжьэну. Ауэ, ЦIыпIынэм жиIэжу зэрыщытамкIэ, абы IуэрыIуатэмкIэ зыгуэр ищIами, зэфIэкI гуэрхэр бгъэдэлъами, псори а щIыунэм «къыщIихауэ» арат. Ди адэшхуэхэм, лъэпкъ нэхъыжьыфIхэм лIэщIыгъуэкIэрэ къыздрахьэкIа, зы жьэм жьэдэкIмэ, адрейм жьэдыхьэу яхъума, зы лIэужьым къыбгъэдэкIрэ адрейм бгъэдалъхьэу къэгъуэгурыкIуа икIи мы зэманым къахьэса IуэрыIуатэм, лъэпкъ хъугъуэфIыгъуэу къалъытэ а къулеигъэм и курыкупсэм апхуэдизрэ «хэсащ» Аслъэн, хъыбарыжьхэм, уэрэдыжьхэм я дэтхэнэ зы псалъэри и гумкIэ кIуэцIрыкIрэ и пкъынэлъынэм къыхэнэу. Апхуэдэ Iэмал зиIа щIалэм а фIыгъуэ псори зыщIишат, малъхъэдисым гъущIыкIэ цIыкIухэр зэрызэщIищыпэм хуэдэу. А лъэпкъ хъугъуэфIыгъуэхэм гъунэгъу хуэзыщIа Нало Заури ЦIыпIынэм фIыщIэшхуэ хуищIащ, псэуху-кIэ.

А щIыкIэм тету лъэпкъ щIэныгъэ къулей зэзыгъэгъуэта щIалэщIэм и дежкIэ хьэлъэжтэкъым ар зи лъабжьэ къэхутэныгъэхэр зэфIэхынри. Нало Зауррэ Гъут Iэдэмрэ трагъэгушхуэри, ЦIыпIынэр 1987 гъэм щIэтIысхьащ Горькэм и цIэр зэрихьэу Москва дэт, Дунейпсо литературэмкIэ институтым и аспирантурэм. Абы илъэсищкIэ щеджащ Аслъэн. А зэманым къриубыдэу и кандидат диссертацэри хьэзыр ищIащ, профессор цIэрыIуэ Долгат Уздият и щIэныгъэ унафэщIу, икIи щытхъу иIэу ар Москва щыпхигъэкIыжащ.

Пашэу щытыныр зи гъащIэ гъуазэ, щIэныгъэм хуэнэхъуеиншэ щIалэр здынэса лъагапIэмкIэ къэувыIакъым. Щалъхуа щIыналъэм 1991 гъэм къэкIуэжа ЦIыпIынэр щIэныгъэ лэжьакIуэ нэхъыжьу институтым къащтэжащ, IуэрыIуатэм ехьэлIа и къэхутэныгъэхэми пищащ. 2000 гъэм абы утыку кърихьащ «Адыгэхэм я мифо-эпическэ хабзэхэр» доктор диссертацэр. Щытхъушхуэ зиIа а лэжьыгъэр ехъулIэныгъэкIэ щыпхигъэкIащ РАН-м и Дагъыстэн щIэныгъэ центрым. Филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор хъуа ЦIыпIынэр и къулыкъукIи драгъэкIуэтеящ абы щыгъуэм. Институтым и унафэщIым и жэрдэмкIэ, 2001 гъэм къудамэ зырыз ящIауэ щытащ литературэмрэ IуэрыIуатэмкIэ IуэхущIапIэм и IэнатIэр. Аслъэн къыхуагъэфэщащ IуэрыIуатэмкIэ къудамэм и унафэщI къалэныр. ЩIэныгъэлIхэу Быхъурэ Мухьэмэд, Чурей Дыжьын, Нало Заур, ГъукIэ Анжелэ, нэгъуэщIхэри и гъусэу Аслъэн зи пашэ къудамэм лэжьыгъэшхуэ зэфIахащ лъэпкъ IуэрыIуатэр хъумэнымрэ ар зэхуэхьэсыжынымрэ ехьэлIауэ, IуэрыIуатэмкIэ лэжьыгъэ щхьэпэ куэд къытрырагъэдзащ. Мыхьэнэшхуэ ноби иIэщ Аслъэн къызэригъэпэща адыгэ IуэрыIуатэмкIэ музейм.

2008 гъэм и гъатхэпэм ЦIыпIынэр КъБКъУ-ми ирагъэблэгъэри, филологиемкIэ институтым и кафедрэм и унафэщIу, Адыгэ щэнхабзэм и центрым и пашэу щылэжьащ. Гупым пщIэрэ нэмысрэ къыхуащIу, лэжьыгъэр иригъэфIакIуэу, жэрдэмыщIэхэр иIэрэ ахэр гъащIэм хипщэфу яхэтащ Аслъэн. Егъэджэныгъэм къыдэкIуэу, ар жыджэру ядэлажьэрт университетым и хэкупсэ щIалэгъуалэми. Абыхэм я гъусэу зэIущIэ хьэлэмэт куэд иригъэкIуэкIырт.

Филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ ЦIыпIынэр апхуэдэуи жылагъуэ лэжьакIуэ цIэрыIуэт. Зи акъыл куур кърихьэжьэ Iуэхухэм я лъапсэ хъу щIэныгъэлI-къэхутакIуэм сыт щыгъуи и куэдт лъэпкъым хуэщхьэпэн жэрдэмыщIэхэмрэ мурадыщIэхэмрэ. Аслъэн и мурадт адыгэ хьэщIэщ екIу Щхьэлыкъуэ щиIэ лъапсэм щиухуэну. Абы зэрыжиIэу щытамкIэ, ар и теплъэкIэ ещхьынут пасэрей адыгэ джыназ пщIантIэшхуэм: абы щыплъагъунут дыжьын IэпслъэпскIэ гъэщIэрэщIа шыхэмрэ ахэр зыщIэпщIэ хъуну, дыгъэпсым пэлъыд фаэтон дахэмрэ, цIыхухъухэмрэ бзылъхугъэхэмрэ я хьэщIэщхэр, абыхэм яку ит пщIэфIапIэшхуэр, нэгъуэщI псэуалъэхэр. А псори цIыхухэм къагъэсэбэп хъун хуэдэу иухуэнурат Аслъэн, нысашэ хуэдэ е нэгъуэщI лъэпкъыпсо гуфIэгъуэхэр щрагъэкIыфыну.

Адыгэ тхыдэр, лъэпкъ щэнхабзэр нэхъ кууэ щадж, абы ди жылагъуэм хуэфащэ увыпIэ щиубыж лъэхъэнэм дызэритыр псэкIэ зыхэзыщIа а цIыху щыпкъэр и жэрдэмщIакIуэт икIи къызэгъэпэщакIуэт адыгэ хабзэм щыщ дауэдапщэ куэдым. Абы и щапхъэт адыгэ гъащIэм, псэукIэм епхауэ щыта хабзэхэр республикэм и утыку нэхъыщхьэхэм Аслъэн щIэх-щIэхыурэ зэрыщигъэлъэгъуар. Апхуэдэхэт, псалъэм папщIэ, илъэс зыбжанэкIэ абы ирагъэкIуэкIа зэхыхьэхэу гъэмрэ щIымрэ щызэхэкI, вакIуэихьэж, гъавэ къехьэлIэжыгъуэ махуэхэм ятещIыхьахэр. Щхьэлыкъуэ къуажэбгъуми ЦIыпIынэм къыщызэригъэпэщауэ щытащ «Дамыгъэтедзэ» адыгэ дауэдапщэр.

Мурад инхэр зиIэ, лъагапIэщIэхэр зи плъапIэ ЦIыпIынэм и къаруилъыгъуэ дахэт. ЩIэныгъэкъэхутэныгъэ, егъэджэныгъэгъэсэныгъэ, жылагъуэ лэжьыгъэхэми къадэкIуэу, ар хунэсырт и адэшхуэм и щIэину къыхуэна бжьэ гъэхъуныр егъэфIэкIуэнми, хьэрычэтыщIэ Iуэхухэм хэтынми, псом нэхърэ нэхъыщхьэращи, и анэр, анэкъилъхухэр, унагъуэр гулъытэншэ имыщIыным, зыхуей хуигъэзэным. Аслъэн къызэрилъытэмкIэ, цIыхур сыт щыгъуи зыгуэрым хуэпабгъэрэ хуэхъуапсэу щытын, гъащIэм къыхуигъэув дэтхэнэ гугъуехьми ерыщу пэщIэтыфын хуейщ. А ерыщагъыр лэжьыгъэм фIэкIа зыми къызэрыхимылъхьэфынури ищIэрт. Аращ ЦIыпIынэхэ я лъэпкъ дамыгъэм и лъабжьэм «Си лIыгъэм къимыхьынур си насып къремыхь» псалъэ Iущхэр щIыщIригъэтхауэ щытари.

Адыгэ лъэпкъым хуэщхьэпэн IуэхуфIхэмкIэ жылагъуэм щIэх дыдэ цIэрыIуэ щыхъуа, зи гъащIэ гъуэгур екIуу езыхьэкI Аслъэн хунэсакъым зыпэрыт лэжьыгъэм и хъер зыхищIэну, гурылърэ мураду иIа псоми хунэсыну, и быным я насып илъагъуну. 2010 гъэм дыгъэгъазэм и 29-м ар щIэпхъаджащIэхэм яукIащ. Адыгэм тфIэкIуэдащ ди лъэпкъ щэнхабзэмкIэ, IуэрыIуатэмкIэ, этнографиемкIэ щIэныгъэ куу зыбгъэдэлъа щIэныгъэлI щыпкъэр, къэхутакIуэ емызэшыр, цIыху щэджащэр. Анэм иIэжтэкъым и къуэ закъуэр, зэшыпхъуихым – я дэлъху закъуэр, щхьэгъусэм – тегъэщIапIэ лъэщыр, щIалэхэу Идаррэ Иналрэ – лъэныкъуэ псомкIи щапхъэ яхуэхъу, я гъащIэ гъуазэ адэр.

ЦIыпIынэ Аслъэн мурадыфIрэ хъуэпсапIэ дахэу гъащIэм хуиIэхэм я гъунэ ирилъа къудейт. А псори адэ щIэину къызыхуэна и къуитIым ахэр зэрызэфIахын зэфIэкIрэ узыншагъэрэ Тхьэм къарит.

Къигъэщlа илъэс 51-м (арат абы Тхьэшхуэм хухихар зэрыхъур) къриубыдэу а щIалэм хузэфIэкIамрэ здынэсыфа лъагапIэхэмрэ язынықъуэхэр я гъащIэ псокIэ хуэкIуэф къудейщ. «Акъылыр жьакIэм ежьэркъым» адыгэ псалъэжьри ЦIыпIынэ Аслъэн хуэдэхэм тражыIыкIами ярейт. Псэужамэ, ЦIыпIынэ Аслъэн и ныбжьыр гъатхэпэм и 24-м илъэс 65-рэ ирикъуну арат...

**ЖЫЛАСЭ Маритэ.**

# Зы унагъуэм хуэдэу дызэрыIыгъщ

● Ди псэлъэгъухэр

*Унифайт – зэзауэ зыхэт спорт лIэужьыгъуэр къызэрежьэрэ куэд щIакъым – 1996 гъэрщ, - ауэ ар цIыху куэдым ягу ирихь хъуащ, зэман кIэщIым къриубыдэу абы зыхуэзыгъасэхэм я бжыгъэм фIыуэ къыхэхъуащ. НобэкIэ а спорт лIэужьыгъуэмкIэ зэхьэзэхуэхэр дэнэ щIыпIи, ди къэралри яхэту, Iэтауэ илъэс къэс щрагъэкIуэкI.*

*Къэбэрдей-Балъкъэрми щымащIэкъым абы дихьэххэри, зыфIэгъэщIэгъуэну, и хабзэхэр зэзыгъэщIэну хуейхэри. Ар ди щхьэусыгъуэу, зыхуэдгъэзащ а Iуэхум фIыуэ хэзыщIыкI, ди щIэджыкIакIуэхэм я упщIэхэм жэуап тэмэм езытыфыну, Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и тренер ШЭРДЖЭС Заурбэч икIи унифайтым ди республикэм зэрызыщиужьым, абы и нобэмрэ къэкIуэнумрэ тедгъэпсэлъыхьащ.*

**- Заурбэч, уэ нэхъыбэм укъызэрацIыхур Iэпщэрыбанэ зауэ спортымкIэщ. Абы укъыхэкIыу унифайтым зептыжауэ ара?**

- Хьэуэ, ахэр зэпэщхьэхуэщ. Зи гугъу тщIы спорт лIэужьыгъуитIымкIи республикэм федерацэхэр иIэжщ, тIуми я унафэщIыр сэращ. Къэбгъэлъагъуэмэ, унифайтыр Iэпщэрыбанэ зауэ спортым къыхэкIауэ аращ. Ар къызэгупсысари ди къэралым и спортсменхэращ. Абыхэм Iэпщэрыбанэ зауэ спортым щIэщыгъуэ гуэрхэр халъхьащ, псалъэм папщIэ, гугъу дехьу фIэкIа къахузэмынэкIыну лъэпощхьэпохэм ебэкъуэн хуейуэ спортсменхэм хуагъэуву.

ЗымыщIэхэр щызгъэгъуэзэнут универсальнэ зэзауэр (унифайтыр) спорт лIэужьыгъуитIу зэрызэхэтым. Абы щызэпэщIэувэ спортсменитIыр япэщIыкIэ зохьэзохуэ гугъуехь зыпылъ гъуэгуанэхэр зэпычынымкIэ - нэщанэ еуэнымкIэ, сэ жанхэр зрагъапщэм техуэу дзынымкIэ, лъагапIэхэм дэпщеинымкIэ, бгыкъум тету зэдэжэнымкIэ, нэгъуэщIхэмкIи. Абы иужькIэ, ахэр бокс рингым е бэнакIуэхэм я алэрыбгъум щызэпэщIоувэжри, нэхъ лъэщыр зэхагъэкI. Мыбдежым хьэрхуэрэгъум IэкIи, лъакъуэкIи уеуэ, и Iэпкълъэпкъыр бгъэуз, и пщэр щыбубыдыкI хъунущ. Сытми, гъэщIэгъуэнщ укIэлъыплъыну, щхьэж и къарур, и Iэпкълъэпкъыр зэрыпсыхьар наIуэ къыщохъури.

Унифайтыр къыщIетхьэжьам нэгъуэщI щхьэусыгъуэхэри иIэщ. Псалъэм папщIэ, Iэпщэрыбанэ зауэ спортыр дзэм къулыкъу щыщIэным къигъэув къалэн къызэрымыкIуэхэр гъэзэщIэным пыщIа лIэужьыгъуэу щытщ, абы къыхэкIыуи, утыкушхуэхэм дихьэнымкIэ тхузэфIэкIыр нэхъ мащIэщ. Псалъэм и хьэтыркIэ, дапхуэдизу спортсменыр лъэщами, сыт хуэдэ текIуэныгъэхэр къихьами, нэхъыщхьэ дыдэу абы къыфIащынур «Урысейм спортымкIэ и мастер» цIэращ. Сыту жыпIэмэ, Iэпщэрыбанэ зауэ спортымкIэ зэхьэзэхуэхэр щрагъэкIуэкIыр ди къэралымрэ СНГ-м хэт хэкухэмрэщ, дунейпсо, европей зэхьэзэхуэхэр абыкIэ щыIэкъым.

Унифайтым дунейпсо федерацэ иIэжщ, абы и фIыгъэкIи, ди спортсменхэм Iэмал ягъуэтащ утыкушхуэхэм зыкъыщагъэлъэгъуэну. Къыхэзгъэщынщи, 2012 гъэм щегъэжьауэ КъБР-м Универсальнэ зэзауэмкIэ и федерацэм (УнифайтымкIэ) УФ-м спортымкIэ и мастеру 45-рэ, дунейпсо классымкIэ спортым и мастеру 5, Урысейм спортымкIэ щIыхь зиIэ и мастеру 1 игъэхьэзыращ.

ЗэрыжысIащи, федерацитIми я унафэщIыр сэращ, абы къадэкIуэу, Кавказ Ищхъэрэм Iэпщэрыбанэ зауэ спортымкIэ и федерацэм и вице-президент къалэнхэр согъэзащIэри, КИФЩI-м щрагъэкIуэкI зэхьэзэхуэхэр зыунэтIыр, зи нэIэ щIэтыр сэращ. 1991 гъэм щегъэжьауэ сызыпэрыт Iэпщэрыбанэ зауэ спортыр си гъащIэм и зы Iыхьэщ, ар зыкIи схуэхъуэжынукъым икIи абы япэ нэгъуэщI гуэр схуигъэщынукъым.

Мыдрейуэ, УФ-м СпортымкIэ и министерствэм, УФ-м ЗыхъумэжыныгъэмкIэ и министерствэм, УФ-м Iэпщэрыбанэ зауэ спортымкIэ и федерацэм зэгъусэу иджыпсту лэжьыгъэ пыухыкIахэр ирагъэкIуэкI, а спорт лIэужьыгъуэр дунейпсо утыкум ишэным ехьэлIауэ. ГъащIэм къигъэлъэгъуэнщ адэкIэ дызыхуэкIуэнур.

**- Унифайтым зыхуагъасэу цIыху дапщэ фиIэ иджыпсту?**

- БгъэщIэгъуэнкIи хъунщ, ауэ Iэпщэрыбанэ зауэ спортым хэтхэри унифайтым зыхуэзыгъасэхэри а зы цIыхухэращ. Абы къыхэкIыуи, нобэкIэ цIыху мин 1,5-м щIигъу ди деж къокIуалIэ. Спорт лIэужьыгъуитIымкIи абыхэм ядэлажьэри а зы тренерхэращ. НобэкIэ республикэм и щIыналъэхэм псоми секцэхэр щыдиIэщ, Прохладнэмрэ, Майскэмрэ нэмыщI.

Сабийхэм ядэдгъэлэжьэну тренерхэр къыхэхыным дэ ткIийуэ дыбгъэдохьэ. И зэфIэкIым, езыр зищIысым дыщымыгъуазэу ахэр зыми дзыхь яхуэтщIынукъым. Тренерри, зэрыжаIэу, ди деж щыщIидзэу балигъ хъухукIэ зыщигъэсауэ, ди нэIэ щIэту къэхъуауэ щытын хуейщ. Армырауэ гъунэгъуу цIыкIухэм ябгъэдэдгъэхьэнукъым, сабийм и хьэл-щэныр зэтегъэувэным хэдгъэIэбэнукъым. Апхуэдэу Iуэхум дыщIыбгъэдыхьэр щIэблэр ди деж я IэпкълъэпкъкIи, я псантхуэкIи псыхьа щохъури аращ, абыхэм къахэкIынум елъытауэ щытынущ ди къэкIуэнур. Аращи, ди лэжьыгъэм узытеплъэкъукI хъун зыри хэлъкъым.

**- Заурбэч, уи унафэм щIэт спорт лIэужьыгъуэхэр Олимп джэгухэм хыхьэркъым, атIэми, фи деж апхуэдиз цIыху къокIуалIэ, ар сыт къызыхэкIыр?**

- Дэтхэнэ зы спорт лIэужьыгъуэми пщIэ хуэщIыпхъэщ. Ди деж зыщызыгъэсэну къакIуэхэр нэхъыбэу иужькIэ къэралым IэщэкIэ зэщIэузэда и къарухэм, хабзэхъумэ, нэгъуэщI къарузехьэ IэнатIэхэм хохьэхэр. Дэ псом япэ идогъэщ цIыхур зэщIэкъуауэ, щыпкъэу гъэсэныр икIи щIалэгъуалэр худоущий я хьэл-щэнкIэ щапхъэ зытрахыу щытын зэрыхуейм. Апхуэдэ хабзэхэр зыхэмылъым, зымыгъэзащIэм ди деж щищIэн щыIэкъым.

ИтIанэ, ди гъэсэнхэр хэт дэнэ щылажьэми, гъащIэм сыт щахузэфIэкIами, я Iуэхухэр дауэ екIуэкIми дыщыгъуазэщ. Зы унагъуэм хуэдэу дызэрыIыгъщ, нэхъыжьхэр нэхъыщIэхэм якIэлъыплъу, зэрахузэфIэкIкIэ, ядэIэпыкъуу. Зыр адрейм сэбэп дызэрыхуэхъуным яужь диту дыкъызэдогъуэгурыкIуэ икIи ди гъэсэнхэм я щытхъу зэхэтхмэ, ар дэркIэ гуфIэгъуэщ икIи дызэрыгушхуэщ.

**- Iэпщэрыбанэ зауэ спортыр дунейпсо утыкум ифшэну мурадхэр щыIакъэ?**

- Ди къэралым къыщагупсыса дэтхэнэ зы Iуэхугъуэри, Iэпщэрыбанэ зауэ спортри абы хэту, европейхэм, зэрыжаIэу, я тэмакъым бдзэжьей къупщхьэу тонэ. Иджыпсту къэралым кърахщIылIа дэкъузэныгъэхэр къэплъытэмэ, а спорт лIэужьыгъуэмкIэ дунейпсо зэпеуэхэр къызэбгъэпэщыным утемыпсэлъыхьми хъунущ.

**- АтIэ, ди къэралым дауэ зыкъыфщIигъакъуэрэ, сыткIэ къывдэIэпыкъуфрэ?**

- АбыкIэ ди Iуэхур хъарзынэщ. Сыт хуэдэ зэхьэзэхуэ едмыгъэкIуэкIами е абы дыхэтми, ар республикэрауэ ирехъу е нэгъуэщI щIыналъэу щрети, СпортымкIэ ди министерствэм сыт и лъэныкъуэкIи зыкъытщIегъакъуэ. Абы нэмыщI, Къэбэрдей-Балъкъэрым и командэ къыхэхам хэт спортсменым зэхьэзэхуэм зэрыхэтынум текIуэдэну мылъкумкIэ къыдоIэпыкъу. ЖыпIэнурамэ, мыбдеж я гулъытэ дыщагъащIэркъым.

**- Фагъэгъэсэну адэ-анэхэм япэу къыфхуашэ цIыкIухэм сыт хуэдиз я ныбжьу щытын хуейр? АбыкIи мардэ фиIэ къыщIэкIынщ.**

- Илъэсибгъум нэхърэ нэхъыщIэр цIыкIуIуэщ ди дежкIэ. Унифайт, Iэпщэрыбанэ зауэ спорт лIэужьыгъуэхэр ткIийщ. Абыхэм зыхуумыгъэхьэзырауэ, IэпцIIупцI цIыкIуу щIэбдзэ хъунукъым. ЯпэщIыкIэ, гимнастикэмкIэ, псы есынымкIэ секцэхэм къыщыщIадзэмэ нэхъ тэмэму къыдолъытэ, я Iэпкълъэпкъыр зэрыубыдын, нэхъ быдэ, нэхъ лантIэ хъун папщIэ. Абыхэми щыхыхьэну нэхъыфIыр илъэси 5 - 6-м щегъэжьауэщ. Илъэс зыбжанэкIэ абыхэм хэта иужькIэщ ди деж къашэныр нэхъ къыщезэгъыр. Апхуэдэ чэнджэщхэр ядот адэанэхэм.

ИтIанэ, дыгъуасэ ди деж кърашэлIа сабийр занщIэу зэуэну утыку къидгъэхьэркъым, зэпэщIэдгъэувэркъым. Абы щхьэкIэ гъуэгуанэ кIыхь зэпачын хуейщ, фэбжь хамыхын, я узыншагъэм зэран хуэмыхъун папщIэ. Тренерхэр ткIийуэ кIэлъоплъ а псоми икIи зэхьэзэхуэм хуэмыхьэзыр сабийр абы хагъэхьэнукъым, утыку кърашэуи хуадэнукъым. КъищынэмыщIауэ, я зэфIэкIыр здынэсыр къызэрапщытэ экзаменхэри ятын хуейщ. ИужькIэщ утыку къипшэ щыхъунур.

**- Мыпхуэдэ къэхъуркъэ, Заурбэч - фи деж зыщагъасэу, къарурэ Iэзагърэ щызрагъэгъуэту, иужькIэ ММА-м хуэдэ зэзауэ зыхэт спорт лIэужьыгъуэхэм зратыжу?**

- Пэжщ, апхуэдэхэри къахокI, ауэ ахэр мащIэ дыдэщ. Къапщтэмэ, Iэпщэрыбанэ зауэ спортымкIэ къыщIадзащ ММА-м и зэуакIуэ бэлыхьхэу Шлеменкэ Александррэ Токов Анатолэрэ. Иужьрейм и анэр адыгэщ, езыр СыбырымкIэ щыщщ. ЩыцIыкIум щыгъуэ ди деж къыщIыхьэщIэкIыжу щыташ, щIалэ бэлыхьщ. Ауэ, фи фIэщ зэрыхъун, япэ лъэбакъуэм къыщыщIэдзауэ ди деж зыщызыгъэса спортсменыр нэгъуэщI утыку ихьэну хуеижынукъым.

**- Фи мурадхэр къывэхъулIэну, Заурбэч, фи хъыбарыфI куэдрэ зэхэтхыну ди гуапэщ.**

*Епсэлъар*
**ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олегщ.**



## Унэхэр зыхуей хуэзэу зэгъэпэщыжынымкIэ фондым хъыбар фегъащIэ

УхуэныгъэщIэхэм псэупIэ щызиIэхэм лъэIукIэ зыфхудогъазэ, унэхэр зыхуей хуэзэу зэгъэпэщыжыным пэкIуэ ахъшэр фхуатхын щыщIадза пIалъэр блэвмыгъэкIын папщIэ, фи псэупIэм теухуа хъыбархэм фыкIэлъыплъын щIэвдзэну.

КъБР-м и Закон №60-РЗ-м, 2023 гъэм бадзэуэгъуэм и 18-м къыдэкIам, ипкъ иткIэ, къат куэду зэхэт унэхэм псэупIэ щызиIэхэу, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм унэхэр зыхуей хуэзэу зэгъэпэщыжынымкIэ и щIыналъэ программэм» хагъэхьахэм 2024 гъэм щIышылэм и 1-м щегъэжьауэ къалэну къахуоув зэгъэпэщыжыныгъэм пэкIуэ ахъшэр ятыну.

ФызыщIэупщIэн щыIэмэ, мы телефонхэмкIэ фыпсалъэ хъунущ:
8-800-700-64-12, 42-56-29;
мы электроннэ пощтымкIэ: regoperator.07@mail.ru е мы хэщIапIэмкIэ: Налшык къ., Горькэм и цIэр зезыхьэ уэрам, 17А

Апхуэдэу ЩIыналъэ операторым и лэжьыгъэм хилъхьэ зэхъуэкIыныгъэ псоми теухуа хъыбарыр къыфIэрыхьэн папщIэ, ди телеграм-каналым (https ://t.me/kapremont07) зыкъыпыфщIэ.

## Баку ирагъэблагъэ

● Хьэрычэт

КъБР-м щылажьэ «Си хьэрычэт IэнатIэ» центрым, Къэбэрдей-Балъкъэрым ЭкономикэзыужьыныгъэмкIэ и министерствэм и нэIэ щIэту, республикэм и хьэрычэтыщIэхэр ирегъэблагъэ мэлыжьыхьым и 17 - 19-хэм Азербайджаным и къалащхьэ Баку щекIуэкIыну «Made in BRICS & SCO BAKU 2024» дунейпсо гъэлъэгъуэныгъэм хэтыну. Абы и мыхьэнэ нэхъыщхьэу щытыр хамэ къэралхэм запыпщIэным, уи IэдакъэщIэкIхэр хэIущIыIу пщIыным, сату зэпыщIэныгъэхэр зэтебублэным, хьэрычэт щIэн Iуэхум ехьэлIа нэгъуэщI Iэмалхэри къуэзэритырщ.

ЛIэужьыгъуэкуэдузэхэтгъэлъэгъуэныгъэм зэпищIэнущ хамэ къэралхэм я лIыкIуэхэр - щIэупщIэ зиIэ продукцэр къыщIэзыгъэкIхэмрэ ахэр нэгъуэщI щIыналъэхэм хуезыгъашэхэмрэ. Абыхэм яхохьэ БРИКС-мрэ ШОС-мрэ хэт къэралхэр, а зэгухьэныгъэхэм хыхьэну мурад зыщIахэр, нэгъуэщIхэри.

Республикэм и хьэрычэтыщIэхэр гъэлъэгъуэныгъэм хэт хъунущ Урысей Федерацэм и Президентым къыхилъхьа «Хьэрычэт Iуэху мащIэмрэ курытымрэ уней хьэрычэт щIэн жэрдэмхэмрэ» лъэпкъ пэхуэщIэм ипкъ иткIэ.

КъБР-м щыIэ «Си хьэрычэт IэнатIэ» центрым ди хьэрычэтыщIэхэм яхуитынущ гъэлъэгъуэныгъэм зэрыхэтынум, продукцэхэр щагъэлъэгъуэну стендыр щагъэувыну щIыпIэм, нэгъуэщI обрудованэ зыхуеинухэм щIатын хуей пщIэхэр. Абы ягъэкIуэнухэм я бжыгъэр убзыхуащ, Iуэхум теухуауэ упщIэ зиIэхэм КъБР-м «Си хьэрычэт IэнатIэ» и центрым зыхуагъазэ хъунущ.

**АЛЫДЖЫКЪУЭ Руслан.**

● Щапхъэ

# Адэжь щӀыналъэм къару къыхелъхьэ



**Адыгэр ижь-ижьыж лъандрэ лъэпкъыпсэ-хэкупсэу, къэзылъхуам хуэпэжу, къыдалъхуам хуэгумащIэу, и Хэкум къыщхьэщыжу апхуэдэщ. Мы тхыгъэр зытеухуа хьэрычэтыщIэ ахъырзэман Къетыкъуэ Мухьэрэми, яхуэдэщ зи гугъу сщIыхэм. ЩIалэщIэр Тыркум къыщалъхуу абы къыщыхъуами, и къуэш абхъаз лъэпкъым лей къызэрытехьэр щызэхихым, Iэщэ иIыгъыу бийм езэуэну япэ нэсахэм ящыщщ, апхуэдэ дыдэуи и ныбжь щынэсым, Хэкум унагъуэ щиухуэри, и гъащIэр щигъэкIуэну къитIысхьэжащ (абы теухуа тхыгъэ тетащ ди газетым).**

НОБЭ ар республикэм и хьэрычэтыщIэ жыджэрхэм хабжэ, и гуащIэм щыщ Iыхьэ республикэ бюджетым хилъхьэу. Уеблэмэ илъэс блэкIахэм «КъБР-м и хьэрычэтыщIэ нэхъыфI» дамыгъэри къыхуагъэфэщауэ щытащ.

Налшык къалэ дэт, унэ кIуэцIыр, унэ щIыбыр зэралэ лэчхэр щищэ тыкуэныр къызэрызэIуихрэ мы гъэм илъэс 25-рэ ирокъу. Ар ди щхьэусыгъуэу, хьэрычэтыщIэ Iуэхур зэрыригъэжьам, нобэ абы зэрызиубгъуам теухуауэ къэдгъэпсэлъэну зыхуэдгъэзащ.

- Сэ ухуэныгъэ Iуэхущ сызыхэтар. Си щIалэгъуэу Тыркум лэжьэн щыщIэздзам махуэм тыркухэм пщIэкIэ сахуэлэжьэрт, жэщым адыгэхэм, абхъазхэм я унэхэр пщIэншэу яхузесхьэрт. Хэкум сыкъэкIуэжа нэужьи, а IэщIагъэм срилэжьащ. ИтIанэ къэралым щызекIуэ хабзэхэр къэсщIа нэужь, нэхъ кууэ сыхыхьащ хьэрычэт Iуэхум. 1998 гъэхэм Воронеж, Волгоград сыкIуэрт, Тырку компанием и лIыкIуэу, чэнджэщэгъуу сыщылэжьэрт. Хьэрычэт Iуэхум сыхыхьэну си гум къэкIыртэкъым, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, япэрауэ, си шыIэныгъэр хурикъуртэкъым, етIуанэрауэ, Алыхьыр си фIэщ хъурти, гуэныхь къэхьыным зыщыздзейрт. А гъэхэм Сочи, Ростов, Краснодар щыщхэр къызэлъэIурт, «Тыркум лэч къипшурэ къыдэпщэм хъуркъэ». - жаIэу. Мыбы щыщхэм хуабжьу уасэшхуэ тралъхьэжырт, жыпIэнуракъэ, ирагъэлейрт. Арауэ къыщIэкIынщ иужь сыщIихьари, сом 50 зытепплъхьэ хъунум, сом 500 тралъхьэжурэ зэращэм сыкъыигъэгубжьат. Къэрал къулыкъущIапIэхэм запысщIэщ, дэфтэрхэр къыдэсхри, 1999 гъэм лэжьэн щIэздзащ. ЯпэщIыкIэ тыкуэныр зыщIэт унэр бэджэнду къэсщтащ, итIанэ къэсщэхужащ. Абы лъандэрэ илъэс 25-рэ мэхъу. А лъэхъэнэм зы мазэм къриубыдэу фурэ 12 лэчу къезгъашэрт. Ауэрэ къызэлъэIуурэ Кавказ Ищхъэрэм и нэгъуэщI республикэхэми къыщызэIусхащ мыпхуэдэ тыкуэнхэр. Ауэрэ зэманым зихъуэжащ, куэд зэхуэтщIыжащ, ауэ Налшык къалэ дэтым щIэупщIэ иIэу иджыри къыздэсым долажьэ. Дуней псом увыпIэфI щызыубыда компаниещ дызыдэлажьэхэр, псоми яцIыху. Лъэр щIэзыгъэкIхэм ящыщщ сыкъыщалъхуа хэкужьым - налог, хэкурысхэм лэжьапIэ IэнатIэ есту сызэрылажьэр. 2004, 2005 гъэхэм сатумкIэ хьэрычэтыщIэ нэхъыфI сыхъуауэ щытащ», – жеIэ Мухьэрэм.

НобэкIэ мы тыкуэнращ лэч плъыфэ лIэужьыгъуэу щыIэр къэзышэри, узыхуейм хуэдэ къыпхуэзыгъуэтыфри, пхузэхэзыщIэри.

Хьэрычэт Iуэхум зэрыпэрытым хуэдэу япэ иригъэщыр и адыгагъэрщ, и адыгэпсэрщ. «Сыт хуэдиз къэдлэжьми, ди хэкум къинэжын хуейщ», – жеIэ Къетыкъуэм. Апхуэдизу игурэ и псэрэ зэIухауэ, хэкурысхэм ядэIэпыкъуну и нэр къикIыу зэрылажьэр арагъэнщ и Iуэху щIыдэкIри.

Къетыкъуэ Мухьэрэм хьэрычэтыщIэ нэхъыфIу къалъыта нэужь, республикэ унафэщIхэм ираджэри, къыжраIащ сату зыщIэхэр зэрыкуэдыр, цIыху нэхъыбэ щылэжьэфын промышленнэ IуэхущIапIэ гуэр къызэIуихмэ, зэрынэхъыфIыр. Абыхэм трагъэгушхуэри, нэгъуэщI къэралхэм кърищ лэчыр мыбдеж къыщыщIигъэкIыу зэтриублэну иужь ихьащ. 2007 гъэм тхылъымпIэм ита проектыр нобэ завод зэгъэпэщауэ республикэм къихутащ. Ухуэныгъэри дэфтэр Iуэхури езым и къарурэ и мылъкукIэ зэфIигъэкIащ Мухьэрэм, дэIэпыкъуэгъу имыIэу. Ар КъБР-м ЭкономикэмкIэ и министерствэми производствэ нэхъыфI зэрыхъунур къилъытат. Ауэ ирагъэжьэну и пIалъэр къыщысым къыкъуэкIа Iуэхухэм щхьэкIэ гъунапкъэхэр зэхуащIри, лэчыр къызыхащIыкIын хуейхэр республикэм къамышэф хъуащ, абы щхьэкIэ къызэIухыныр пIалъэкIэ ягъэIэпхъуащ.

Нэхъапэм лэчхэр Америкэм, Голландием, Испанием, Франджым, нэгъуэщI щIыпIэхэм кърашу щытащ, ахэр ди къэралым икIыжа нэужь, зыдэлэжьэну къэнэжар мащIэщ. ДяпэкIэ Мухьэрэм и мурадщ мы Iуэхум зи мылъку къыхэзылъхьэн къигъуэту, ди ныбжьэгъу къэралхэм запищIэну.

Заводыр метр зэбгъузэнатIэ мини 2 мэхъу, ар ирагъажьэмэ, нэхъ мащIэ дыдэу цIыхуи 150-рэ щылэжьэнущ. Абы лэчыр къыщыщIагъэкIыу икIи щащэу зэтеухуа хъунущ. Къэбэрдей-Балъкъэрым, Урысейм и мызакъуэу, хамэ къэралхэми ирагъэшэнущ, апхуэдэу зыгурыIуахэри щыIэщ. КIэщIу жыпIэмэ, заводыр зэрежьэу, зыщэхунухэри къыкъуэкIынущ, абыкIэ гугъуехь хэтынукъым.

Мыр федеральнэ проектщ, иджырей мардэхэм тету ухуащ, лэч тонн 5000 къыщIигъэкIынущ. «ЗэгурыIуэныгъэ етщIылIакIэщ Тыркумэным, Къэзахъстаным, Арменыем, «ОБИ» ухуэныгъэ компанием, ар Къанокъуэ Арсен къищэхужащ, Урысейм тыкуэн 25-рэ щиIэщ, ахэри къыдожьэ», – жеIэ Мухьэрэм.

Меларди 5-м нэс къилэжьыфыну зытращIыхь заводым республикэ бюджетым игъэкIуэну налогри мащIэкъым. Хамэ къэралхэм къыщрашкIэ, гъуэгум текIуадэри, цIыхухэм къыIахыжу аращ. Мыбдеж къыщыщIагъэкIмэ, а иджыпсту къащэхум щIатыр процент 35-кIэ нэхъ мащIэ хъунущ.

«Сэ къэзлэжь ахъшэм и куэдагъракъым си гур щыз зыщIыр, атIэ си хэку сисыжу, си къуэшхэм лэжьыгъэ яIэнымкIэ сазэрыдэIэпыкъурщ. Мис аращ гупсэхугъуэр. Сэ сигурэ си щхьэрэ зытелъу сыщIэпсэур сызэрыадыгэр сщIэуэ, адыгэ хьэл-щэн си адэм къысхилъхьауэ зэрыщытырщ. Зыми сыпеуэркъым, сыкIэлъыжэркъым, сеныкъуэкъуркъым. Си гъуэгу езым хэсшыжауэ срокIуэ. Мыбы къыщIыхьэхэм «сыт фи деж щIэнэхъ пудыр», – щыжаIэ щыIэщ. «Сыхуеймэ, пщIэншэу згуэшынщ», – жызоIэ апхуэдэхэм деж. Иджыпсту швед, индие компаниещ дызыдэлажьэхэр, ахэращ нобэкIэ дуней псом щыцIэрыIуэр. Абыхэм лэчри лэчыр къызыхащIыкIри къыщIагъэкIри, дяпэкIи дапыщIауэ щытынущ. Лэжьэгъу тыншхэщ, укъагъапцIэркъым икIи тхукIэрагъэхури, дэри цIыхухэр догъэгуфIэ, уасэ езэгъырабгъумкIэ.

Сэ куэд щIащ ухуэныгъэ Iуэхум сызэрыхэтрэ, лэчым фIыуэ хызощIыкI, зыми сыкъыхуэгъэпцIэнукъым. Къысщыгугъ цIыхум и деж сыкIуэу сэ зыфIэзгъэкIа пащIэ, утыку къизнэнукъым. Къохъу апхуэди. Куэдым я деж сокIуэ, чэнджэщ язот, абы щхьэкIэ пщIэ сыхуейкъым сэ, си деж къыщащэхуар зыхуей хуэзэу къагъэсэбэпу, еплъым я гур хэхъуэу псэуну сыхуейуэ аращ», – жеIэ Мухьэрэм.

Хэкум иригушхуэр хахуэ мэхъу жыхуиIэм хуэдэу, Къетыкъуэ Мухьэрэм и къарури, зэфIэкIри, гукъыдэжри, жыджэрагъри къызыхихыр и адэжь щIыналъэм зэрисыжырщ, сабиипсэр зыхуэлIа хэку Iубыгъуэр балигъ гъащIэм насып зэрыщыхуэхъужарщ.

**НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.**

# Дуней зэдзэкIам и Iэужьхэр

● Фысакъ



**Урысейм и щIыналъэ куэдым къыщалъыхъуэ зи щытыкIэм нэрылъагъуу зихъуэж икIи цIыхухэм щIэх-щIэхыурэ ятеуэ хъуа дыгъужьхэм зэрапэщIэтын Iэмалхэр. Абыхэм жылагъуэхэм зыпыIуадзу щытамэ, иджы шынэ жыхуаIэр ямыщIэу, дэни макIуэ, цIыхухэм, Iэщхэм, унагъуэм ис хьэхэм ятоуэ, фэбжь мыхъужын ирадз. Псом нэхърэ нэхъ гъэщIэгъуэныращи, апхуэдэхэр я теплъэкIэ хьэ къызэрыгуэкIхэм къазэрыщхьэщыкI щыIэкъым. Абыхэм зэрымыщIэкIэ яIущIахэм гу нэхъ зылъатар а дыгъужьхэм я нэхэр мыхъейуэ цIыхум зэрытраубыдэмрэ напIэзыпIэм къазэрыжьэхэпхъуэмрэщ.**

АПХУЭДЭ щытыкIэр къызыхэкIар зэхагъэкIын мурадкIэ Iуэхум иужь ихьа щIэныгъэлIхэм дызэрыщагъэгъуэзамкIэ, абыхэм я щытыкIэр зезыгъэхъуэж вирус гуэр япкърыту аракъым. Иджы хуэдэ зэманым ахэр йощакIуэ щIымахуэ кIыхьым къаруушэ ехъулIа мэз бжэнхэм, н.къ. Абыхэм я лъэужьыр яхуурэ къуажэхэм пэгъунэгъу мэхъу. Къапщтэмэ, къэмыхъуа къэхъуа хуэдэкъым, ауэ псом нэхърэ нэхъ шынагъуэу Iуэхум халъэгъуар абыхэм дыгъужьыхьэ куэд къазэрыхэкIырщ.

Апхуэдэхэм дыгъужьым и бзаджагъэр, и хьэгъэщагъэр яхэлъщ, япэу къаIущIэм ебгъэрыкIуэнущ, цIыхум щышынэркъым, къызытехъукIаитIым нэхърэ куэдкIэ нэхъ Iэлщ, уазэрыпэлъэщ щымыIэу, махуэм хуэзэу а псэущхьэхэм лы килограммитхум нэс яшхынущ. ИджыпстукIэ хэкIыпIэу къагъэлъагъуэр дыгъужь здэщыIэ щIыпIэхэм щысакъынырщ.

ЦIыхум дыгъужьыр къызэригъэIэсэрэ зэманышхуэ дэкIащ, абы лъандэрэ эволюцэ мардэхэми захъуэжащ, атIэ сыт нобэ къызыхэкIар, мэзыр зи псэупIэ дыгъужьхэмрэ цIыхум гъусэ хуэхъуа хьэхэмрэ щIэрыщIэу зэхыхьэжу, зэманым зэпэIэщIэ ищIа генхэр аргуэру зэрыубыдыжу а къызытехъукIахэм нэхърэ куэдкIэ нэхъ бзаджэ, цIыхумкIи шынагъуэ гибрид псэущхьэхэр къатепщIыкIыныр? Абы и жэуапыр къыдатащ Урысей ЩIэныгъэ Академием щIыуэпс къэхъукъащIэхэмрэ эволюцэмкIэ и институтым и щIэныгъэлIхэм.

Дыгъужьыр щIыуэпсым и хабзэхэмрэ абы къыщыхъу зэхъуэкIыныгъэхэмрэ сыткIи зезыгъэзэгъ псэущхьэ Iущщ. Абыхэм къащIэхъуэфынущ шыр куэд, арщхьэкIэ, яхуэмыпIын зрагъэгъуэтыркъым. Аращи, зы дыгъужь анэм нэхъыбэ дыдэу щIыгъуу плъагъунур шыритI е шырищщ. МащIэ фIэкIа къамылъхуу, а ягъуэтар егугъупэу, шхынкIэ зыхуей хуэзэу япIынырщ я инстинктыр зытеухуар. Апхуэдэу ахэр я щхьэм хуэпсэужу мэзым хъарзынэу щIэсынут, цIыхур щIыуэпсым и мардэ гъэхуахэм хэмыIэбэтэмэ. Дыгъужьыхьэхэр дунейм къытехьэнри зи Iэужьыр хабзэм ебакъуэ щакIуэхэм я IуэхущIафэхэрщ. Мэз Iув здэщыIэ щIыналъэхэм абыхэм къыщаукI шыр зыщIэс дыгъужь анэхэр, абыхэм я фэхэм мылъку къыхахын папщIэ. Зи закъуэу къанэ шырхэми Iэмал зэриIэкIэ загъалIэркъым, арщхьэкIэ, инстинкт мардэм тету, абыхэм шыр нэхъыбэ къащIэхъуэн зэрыхуейр я щхьэм иубыдауэ балигъ мэхъу, а псэущхьэ лIэужьыгъуэм и бжыгъэр ирикъужыным тещIыхьауэ. ЩIыуэпсым и хабзэхэр къута мэхъу, щхьэзакъуэу къанэ дыгъужьхэр яхохьэ кIуэ пэтми нэхъыбэ хъу хьэ хьэулейхэм.

Дыгъужьхэм ятеухуа хъыбар гъэщIэгъуэнхэр къаIуэтэжу щытащ губгъуэм ит шыхъуэхэм, мэлыхъуэхэм. Ахэр щIэх-щIэхыурэ шы, мэл гуартэхэм жэщкIэ къахыхьэрт, ауэ а зэманхэм дыгъужьыр дыгъужьт, абыхэм къызэкъуахынкIэ хъунум цIыхур щыгъуазэрэ, зэрапэщIэтын Iэмалхэри къагъэсэбэпыфу.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыпIэ нэхъ дахэхэм ящыщщ дыгъужьхэр, мэз бжэнхэр, щомыщхэр щыпэкIу IуащхьэмахуэмэзкъуэдырАбы щыпсэу псэущхьэхэр цIыхум щытеуэ къэхъуркъым икIи ар зи фIыщIэр а псэущхьэхэмрэ ахэр щыпсэу бгылъэ мэзхэмрэ я щытыкIэм сыт щыгъуи кIэлъыплъ мэз лэжьакIуэхэм я къалэныр жэуаплыныгъэ яхэлъу къызэрырахьэлIэрщ. Абыхэм я нэIэм щIэтщ абыхэм я шхыным къыщыщIэдзауэ я щхьэбжыгъэр здынэсамкIэ иухыжу. Хабзэм ебакъуэ щакIуэхэм ящIапхъэщ щхьэусыгъуэншэу дыгъужьхэм хэщIыныгъэшхуэ иратыху, абыхэм нэхъыбэж къазэрыщIэхъуэнум, езыхэр къызыхуэтыншэу зытет мардэм ахэр тезыху бзаджащIэхэм я зэранкIэ.

Нобэ щIэныгъэлIхэри, кIэлъыплъакIуэхэри зытегузэвыхь дыгъужьыхьэхэр сыт щыгъуи щыIащ, къуршым ис мэлыхъуэхэм ящIыгъуу, ауэ ахэр мащIэ дыдэт, дыгъужьым къазэрытехъукIари ябзыщIыртэкъым. Апхуэдэхэр езы мэлыхъуэхэм япIырт, ягъасэрт, ахэр къызэрагъэсэбэпынумрэ къыщагъэсэбэпынумрэ тещIыхьауэ. Псом ящхьэращи, цIыхумкIэ шынагъуэтэкъым, мэлым къахыхьэ дыгъужьхэм тыншу пэлъэщхэрт. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, нобэрей дыгъужьыхьэхэр зыкIи ещхькъым лэгъупэжьхэм я Iуэтэжхэм къыхэщу щытахэм. ЦIыхумрэ псэущхьэхэмрэ я кум дэлът зым и дунейр адрейм ейм щытехуэ зэпыщIэныгъэ мынэрылъагъу гуэр: шыр зыпI дыгъужьым фоч кIакъур щIичыртэкъым, мызэмытIэу мэл гуартэм хэуа дыгъужьми «шынэ» къызэкъуихыу пIалъэкIэ нэхъ мыхъуми лъэныкъуэ зыщригъэзыжи щыIэт... Дунейм къытехъуэ зы гибридри, ирехъу ар псэущхьэ, къэкIыгъэ, шынагъуэщ, щыуагъэ къэхъухэр гъэзэкIуэжыныр зи пщэ дэлъхэм хэкIыпIэ къагъуэтыху.

*Дыгъужьхэр хьэхэм къазэрыхэфцIыхукIынур:*

ЩIымахуэр икIыху дыгъужьхэм я фэр щхъуэ-хужьыфэщ. Абыхэм я ныбжьыр хэкIуэтэху нэхъ хужьыфэж мэхъу. Гъэмахуэм цым гъуэплъыфэ мащIэ къыщIоувэ. Дыгъужьым и кIэр баринэшхуэ щхьэкIэ, хьэхэм хуэдэу ар ягъэкIэрахъуэу щыткъым. КъыщыпхуэкIуэм дежи а зы щытыкIэм иту мыхъейуэ иIыгъщ. Ахэр я инагъкIэ хьэхэм къазэрыщхьэщыкI щыIэкъым, ауэ я бгъэчыр нэхъ инщ, нэхъ Iэчлъэчщ, я тхьэкIумэхэр сыт щыгъуэми исащ, зыгуэрым щигъащтэм деж я щхьэм кIэракъуэ, я пэр хьэм ейм нэхърэ нэхъ кIыхьщ, хьэхэм къащхьэщыкIыу, псоми я нэхэр гъуэжьыфэщ, зэпэгъунэгъууи исщ я нэкугъуэхэри нэхъ зэхуэшащ.

**ЛЪОСТЭН Музэ.**

# Зыгъэпсэхугъуэ махуэм
# Малъхъэдис

Зыгъэхьэзырар НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэщ

## Тебэкlэ гъэжьа бжэныл гъэгъупцlа

БЖЭНЫЛ гъэгъупцlар зэпауд е зэпаупщl г 40 - 50 хъу тыкъыр цlыкlуурэ, псы хуабэкlэ ятхьэщl, тебэм иралъхьэ, псы щlыlэ щlакlэри, тебащхьэр трапlэ. Хьэзыр хъуху, псыр щlэвэщlэху, зэзэмызэ зэlащlэурэ мафlэ щабэм тету ягъавэ. Псыр щlэвэщla нэужь къыщlидза дагъэмкlэ дакъикъи 5 - 8-кlэ, тхъуэплъ хъуху, зэlащlэурэ ягъажьэ. Кlэртlофыр lупщlэурэ яупщlатэ, шыгъу трагъэщащэ, тlэкlу ягъэжэпхъыжри лы жьэм зэlащlэурэ халъхьэ. Тебащхьэр трапlэри дакъикъи 10 - 12-кlэ ягъажьэ, зэзэмызэ зэlащlэурэ. Итlанэ бжьыныщхьэ упщlэта халъхьэ, псори зэlащlэри, хьэзыр, тхъуэплъ дахэ хъуху ягъажьэ. Жьэным зы дакъикъэ е тlу фlэкla имыlэжу шыбжий сыр хьэжа траудэ. Хьэзыр хъуа лыр пэшхьэкум къытрах, джэдгын траудэри тебащхьэр тепlауэ дакъикъи 4 - 5-кlэ щагъэт. Пщтыру яшх. Дашх пlастэ хуабэ, мырамысэ.

***Халъхьэхэр (цlыхуитl lыхьэ):***
бжэныл гъэгъупцlауэ - г 400, кlэртlоф укъэбзауэ - г 100, бжьыныщхьэ укъэбзауэ - г 80, псы щlыlэу - г 150-рэ, шыгъуу, шыбжийуэ, джэдгыну - узыхуейм хуэдиз.

## ● Шхыныгъуэхэр

## Джэш лыбжьэ

ДЖЭШЫР зэхадз, фlыуэ ялъэс, псы къэкъуалъэм хакlутэри, тхъурымбэр къытрахыурэ сыхьэтрэ ныкъуэкlэ ягъавэ. Шыгъу хадзэри иджыри апхуэдизкlэ ягъавэ. Апщlондэху псыр щlэващlэмэ, псывэ щlакlэ. Джэш вар зэрыпщтыру яуб е лыхьэжым щlагъэкlри шыуаным иралъхьэж. Абы тхъукlэ гъэлыбжьа бжьын халъхьэ, шыбжий сыр хакlутэ, а псори зэlащlэ, шатэ хакlэри дакъикъи 7 - 8-кlэ къагъэкъуалъэ.

Хьэзыр хъуа джэш лыбжьэм джэдгын хаудэри и щхьэр тепlауэ тlэкlурэ щагъэт мэ дахэ къищтэн щхьэкlэ. Пщтыру яшх, щlакхъуэ е пlастэ и гъусэу.

***Халъхьэхэр (цlыхуитl lыхьэ):***
джэшу - г 200, псыуэ - г 1450-рэ, бжьын укъэбзауэ - г 30, тхъууэ - г 60, шатэу - г 160-рэ, шыгъуу,



шыбжийуэ, джэдгыну - узыхуейм хуэдиз.

***«Адыгэ шхынхэр» тхылъым къитхыжащ.***

## ● Хъыбар

# Ныбжьэгъу пэжым шэч къытрахьэркъым

ЦЕЗАРЬ и дзыхь иригъэзу зы цlыху закъуэт иlэр, арат абы и ныбжьэгъури. Ар икlи и дохутырт. Сымаджэ къэхъуа нэужь, абы и lэкlэ къримытауэ зы хущхъуи пхуефэнутэкъым.

Зэгуэрым Цезарь и щхьэ и жагъуэу здыхэлъым, и унэцlэр кlэщlэмыту зыгуэрым тхыгъэ къыхуигъэхьащ: «Уи ныбжьэгъу нэхъ гъунэгъу дыдэм - уи дохутырым - щышынэ. Абы уигъэлlэну хуейщ!»

Куэд дэмыкlыу дохутырыр къыщlыхьащ Цезарь и деж. Икlи зэпиплъыхьри, псы хущхъуэ гуэр lэщlигъэуващ. Цезарь къыхуагъэхьа тхыгъэр дохутырым lэщlилъхьэри, ар абы еджэху, езыр псы хущхъуэм къримынэlауэ ефащ.

Дохутырым илъагъур и фlэщ хъуртэкъым:

- Си пащтыхь, мы къыпхуатхам иужькlэ сэ уэста хущхъуэм дзыхь пщlыуэ дауэ уефа?

Цезарь зэпlэзэрыту жэуап къитащ:

- Улlэмэ нэхъыфlщ, уи ныбжьэгъу пэжым шэч хуэпщl нэхърэ!

## ● Чэнджэщхэр

# Пlастэ хуабэр зэщlэбуфэмэ...

Зи дзэл шхэуэ, узу хъуахэм ахъшэдэщ тlэкlу жьэдалъхьэрти жьэдагъэжыхьырт, иужькlэ къызыжьэдадзыжырт. Апхуэдэурэ ягъэхъужырт узыр.

* * *

Маитхъур мэкъуауэгъуэм и 15 пщlондэ щlахуарауэ ябж икlи ар узыфэ куэдымкlэ сэбэпышхуэщ.

* * *

Пlастэ хуабэ убар зэщlэбуфэмэ е зэгуэр тупlэмэ ар уцlынынущ, псыр къыщlэжу.

* * *

Джатэ lэпщэ - ар тхъурыжь гъэжьащ. Апхуэдэу щlеджэр джатэ lэпщэм ещхьщи аращ.

* * *

Хывышэм и тхъу гъэвэжар зэlымыхьэу мазитl-щыкlэ щытщ, щlыlэпlэ ямыгъэувми.

**КЪУБАТИЙ Борис.**



## ● Гъатхэ теплъэгъуэ

## ● Цlыхушхуэхэм я гупсысэхэр

## Гъащlэ дахэм и щэхур

Пщlэншэу зы сыхьэт зыгъакlуэ цlыхум гъащlэм и уасэр иджыри къыгурыlуакъым.

**ДАЛИ Сальвадор.**

Зы lуэху имыlэу псэуфын цlыху щыlэу си фlэщ хъуркъым.

**ДИККЕНС Чарльз.**

Дахэу псэуар дахэу дунейм йохыж.

**ДРАЙЗЕР Теодор.**

Гъащlэм насыпу хэлъыр сыт щыгъуи ипэкlэ укlуэтэнырщ.

**ЗАБОЛОЦКИЙ Николай.**

Дахэу къэбгъэщlа илъэсхэращ гъащlэ дахэкlэ зэджэжри.

**ЦЗЫ Лао.**

Мащlэ зыхузэфlэмыкlым куэди хуэгъэкъарукъым.

**ЛОМОНОСОВ Михаил.**

# Псалъэзэблэдз



***ЕкlуэкIыу:*** **5**. ... здэщымыlэм насыпи щыlэкъым. **6**. Ин жыlэ цlыкlу .... **8**. И цlэ ..., ив матэщ. **9**. Зи lыхьэ зыфlэмащlэм ... фlешх. **10**. ... тесым егъэдахэ. **13**. ... плъагъумэ гъэмахуэщи, lэтащхьэ плъагъумэ щlымахуэщ. **16**. Ныбжьэгъур уи ... къыщlоплъэ, жагъуэгъур уи лъакъуэ йоплъых. **17**. Нэхъыжьым жьэ ет, нэхъыщlэм ... ет. **18**. ... нэщlым хьэри джэдури йонэцl. **21**. ... имылъмэ, нэр плъэркъым. **22**. Бгъэр куэдрэ уэмэ, и ... мэкъутэ.

***Къехыу:*** **1**. Лэжьыгъэу щыlэр зы ... ихуэркъым, щlэныгъэу щыlэр зы цlыхум ищlэркъым. **2**. ... зышхар псы йофэж. **3**. Псалъэ лейм ... лей даlэтыркъым. **4**. ... нэр ирещl. **7**. ... къыумылэжьа щlымахуэм бгъуэтыжыркъым. **11**. ... бзаджэ хьэщlэмыгъашхэщ. **12**. Зи ... lуэху зыхуэмыщlэжыр хамэ lуэхукlэ ерыщщ. **14**. ... и кlапэр щыдэуейм, бжэныр дыхьэшхащ. **15**. ... емыщхьым бабыщыщхьэ къыфlокlэ. **19**. ... убла зимыlэм ... щla иlэкъым. **20**. Джатэ и ... нанэ щыlэкъым.

***Зэхэзылъхьар*** **БИЦУ Жаннэщ.**

***Гъатхэпэм и 16-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:***

***ЕкlуэкIыу:*** 1. Имыс. **5**. Къауц. **7**. Джарым. **8**. Къады. **9**. Бажэ. **11**. Гущэ. **16**. Акъыл. **17**. Арыкъ. **18**. Алътес. **20**. Куэсэ. **21**. Къарэ.
***Къехыу:*** 1. Медан. **3**. Сэджыт. **4**. Къыр. **5**. Къомбэ. **6**. Унажэ. **10**. Пщы. **12**. Пкъынэ. **13**. Блашэ. **14**. Фасикъ. **15**. Мысыр. **19**. Таж.

## ● Псалъэ lущхэр

# Зы мэлыфэ тlэу трахыркъым

- ♦Дыжэф пцlанэ хъуркъым.
- ♦Зыщl нэхърэ еплъ нэхъ lэзэщ.
- ♦Дыщэр и lэм къыпощ.
- ♦Улажьэу ушхэжын нэхъыфl щыlэкъым.
- ♦Зы мэлыфэ тlэу трахыркъым.
- ♦Хамэlэр lэгъэзагъэ щхьэкlэ, гугъэзагъэкъым.
- ♦Дзыгъуэ пэтрэ щlымахуэм хуогъэтlылъэ.
- ♦Гурэ гурэ лъагъуэ зэхуаlэщ.
- ♦Хамэ ущие тхьэмахуэщ, хабзэ хьэху махуищщ.
- ♦lуэху пщlыр lуэху мэхъу.
- ♦Зылъэмыкl lэфракlэ и lыхьэщ.
- ♦Насыпыр щагуэшым дурэшым дэсащ.
- ♦Нэгъуеипщ нэхъей, и закъуэ мэшхэж.
- ♦Хамэр гъэшэраши унэр гъэшэрыуэ.
- ♦Гурыщхъуэ нэрыщхъуэ ухуешэ.
- ♦Зы мафlэ хъуаскlэм жылэ псор къресэкl.



# Феджэ, цIыкIухэ, феджэ!

**ТхылъыфI къэс хъугъуэфIыгъуэщ, дуней къулейщ, щIэныгъэщ. Псом хуэмыдэу гуапэщ щIэблэм тхылъыр щагъэныбжьэгъум, щаIэпэгъум, упщIэ куэдым я жэуапхэр абыхэм я напэкIуэцIхэм къыщыщалъыхъуэм деж.**

НАЛШЫК дэт Къэрал концерт гъэлъэгъуапIэм сабий, ныбжьыщIэ тхылъым и тхьэмахуэр къыщызэIуахащ. Ар ягъэлъапIэнущ тхылъыщIэхэмкIэ, таурыхъ гъэщIэгъуэнхэмкIэ, зэпеуэхэмкIэ, пшыхьхэмкIэ. Сабийхэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ я тхылъым и тхьэмахуэм къриубыдэу республикэм и библиотекэхэм щекIуэкIынущ зэIущIэхэмрэ пшыхьхэмрэ.

Пшыхьым ирагъэблэгъащ тхъылъыр фIыуэ зылъагъу цIыкIухэр. Республикэм и Iуэщыцэхэм - тхылъ щIэджыкIакIуэ нэхъыфIхэм, усэ дахэу къеджэхэм, фIыуэ илъагъу тхылъым гурыхуэу тепсэлъыхьахэм тыгъэхэр хуащIащ.

КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр Къумахуэ Мухьэдин абыхэм ехъуэхъуащ, куэд еджэнуи еущиящ.

- Илъэс къэс догъэлъапIэ сабий тхылъым и махуэшхуэр! Апхуэдэу къызэIудох тхылъхэм я дуней телъыджэм ффIэфIу фыщыхьэщIэну тхьэмахуэр. Ауэ абы къи-кIыркъым, а зы тхьэмахуэм фыкъеджэу тхылъыр зэвгъэтIылъэкIыжыну, си ныбжьэгъу цIыкIухэ! Тхылъ Iущхэм феджэ зэпымыууэ - абыхэм фащIынущ акъылыфIэ! - яжриIащ цIыкIухэм министрым. Абы щIыхь тхылъхэмрэ тыгъэхэмрэ яритащ республикэм щекIуэкIа зэпеуэ зэхуэмыдэхэм къыхэжаныкIахэм.

Пшыхьым къыпащащ уэрэдкIэ, къафэкIэ, макъамэкIэ. Ахэр зыгъэзэщIар республикэм и уэрэджыIакIуэ, артист, къэфакIуэ ныбжьыщIэхэрщ.

**ГУГЪУЭТ Заремэ,**
*Сурэтхэр*
**Къарей Элинэ** *трихащ.*

# Гъуэгу махуэ, «Спартак-Налшык»

Футбол




**Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и «Б» дивизионым хэт командэхэм 2024 гъэм ирагъэкIуэкIыну зэхьэзэхуэхэм нобэ щIадзэж. «Спартак-Налшыкым» и япэ зэIущIэр Краснодар крайм и Павловскэ щIыналъэм щыщ «Кубань Холдинг»-м и деж щыхьэщIэу ирегъажьэ.**

ЗЭIУЩIЭР зэрекIуэкIам теухуа хъыбархэр къыкIэлъыкIуэ къыдэкIыгъуэм тетынущ, ауэ зэкIэ фыщыдгъэгъуэзэнщ нобэрей командитIыр япэхэм зэрызэдэджэгуам къарикIуахэм.

Япэрауэ, спорт тхыдэм къызэрыхэщымкIэ, налшыкдэсхэр «Кубань Холдинг»-м хэнейрэ IущIащ. Абыхэм «Спартак»-р щэ щытекIуащ, тIэу къыхагъэщIащ, зэм - зэрытемыгъакIуауэ иухащ. Краснодардэсхэм топий яхудэдгъэкIащ, езыхэм плIы ди гъуэм къытхудахуащ. ЕтIуанэрауэ, а текIуэныгъэищым щыщу тIур хьэщIапIэ дыщыIэу къэтхьащ. Бжыгъэхэр, зэм - 0:3-уэ, адрейм - 0:2-уэ датекIуащ. Езыхэри ди деж щыIэу зэ къыттекIуэжащ. Аращи, хэт ищIэрэ, нобэрей зэIущIэри, хабзэ тхуэхъуа хуэдэу, къэтхьынкIи мэхъу. Пэжыр жыпIэмэ, иужьрей мазэхэм командэм къыщекIуэкIа зэхъуэкIыныгъэхэм апхуэдэ гугъэшхуэхэри уагъэщIыркъым, ауэ, дауэ мыхъуми, топджэгу губгъуэм нобэ псори щызэхэкIынущ.

ЗэрыфщIэщи, командэм гъэ джэгугъуэщIэм зыхуигъэхьэзырын щIидза къудейуэ тренер нэхъыщхьэ Биджиев Хьэсэнбий Урысейм и Премьер-лигэм мы гъэм хущIэкъу Мэхъэчкъалэ и «Динамо»-м ирагъэблэгъэри, гупыр унафэщIыншэу къэнащ. Тренер нэхъыщхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ нобэр къыздэсым егъэзащIэ Битокъу Тимур, ауэ иджыри щхьэтечу унафэ щыIэкъым, хэт командэр адэкIэ иришэжьэнуми. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, дызыхыхьа гъэ джэгугъуэм «Спартак-Налшыкым» къыпэщылъ къалэнхэми дыщыгъуазэкъым, ар зыми наIуэ къищIакъым. Хъыбар зэрыщыIэмкIи, командэм зигъэбыдэн мурадкIэ футболистыщIэхэр къищэхуакъым, щIалэгъуалэхэм ящыщ зытIущ къыхиша мыхъумэ.

ЕтIуанэ лигэм и «Б» дивизионым хэт командэхэм зэхьэзэхуэхэр зэраубзыхуам тету 2024 гъэм гъатхэпэм и 23-м ирагъэжьэжынурэ щэкIуэгъуэм и 16 пщIондэ екIуэкIынущ. Ди гупым хэт командэ 17-р щхьэж къылъысу тIэу зэхуэзэнущ, зэм я унэ щыIэу, зэм - хьэщIапIэ. IыхьитIу гуэшауэ ирагъэкIуэкI зэхьэзэхуэр гъэмахуэм зэпагъэунущ, бадзэуэгъуэм и 6 - 27-хэм къриубыдэу. Абдежми, Урысейм и Кубокыр къэхьыным хуэунэтIауэ ирагъэкIуэкI зэIущIэхэм я япэ джэгугъуэхэр зэхэтыну къыщIэкIынщ.

Мыдрейуэ, ди гупым хэт адрей командэхэри нобэ зэIуощIэ, Ялтэ къалэм и «**Рубин Ялта**»-м нэмыщI, абы и джэгугъуэр блегъэкI. Аращи, зэдэджогу «**Строитель**» (Каменск-Шахтинск) - «**Алания-2**» (Владикавказ), «**Форте**» (Таганрог) - «**Ангушт**» (Назрань), «**Динамо-2**» (Мэхъэчкъалэ) - «**Дружба**» (Мейкъуапэ), «**Ростов-2**» (Дон Iус Ростов) - «**Нарт**» (Черкесск), «**Астрахань**» (Астрахань) - «**Легион**» (Мэхъэчкъалэ), «**Динамо Ставрополь**» (Ставрополь) - «**Биолог-Новокубанск**» (Прогресс), «**Победа**» (Хасавюрт) - «**Севастополь**» (Севастополь) командэхэр.

**ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.**

УФСБ-м къет

## Къуэды ипшынынущ

**Урысей ФСБ-м и управленэу КъБР-м щыIэм и лэжьакIуэхэм экономикэм пыщIа щIэпхъаджагъэхэм пэщIэт Iуэхухэр ирагъэкIуэкIыу къыщIагъэщащ «Кабардино-Балкарский высокогорный государственный заповедник» федеральнэ къэрал бюджет IуэхущIапIэм и бухгалтер нэхъыщхьэ Елмэс Л.С. илэжь щIэпхъаджагъэр.**

ЗЭРАУБЗЫХУАМКIЭ, 2018 - 2022 гъэхэм, и къулыкъур къигъэсэбэпурэ, улахуэм хухаха бюджет ахъшэм щыщ идыгъуащ абы.

Шэрэдж район судым и унафэ къару зыгъуэтам ипкъ иткIэ, Елмэс Л.С. къуаншэу къалъытащ УФ-м и УК-м и 159-нэ статьям и 3-нэ Iыхьэм, 292-нэ статьям и 2-нэ Iыхьэм къыщыхьа щIэпхъаджагъэр зэрилэжьамкIэ икIи къуэды тралъхьащ.

## Илъэс 20 къапоплъэ

**НаркотикхэкIхэр игъэкIыным пэщIэт Iуэхухэр ирагъэкIуэкIыу, Урысей ФСБ-м и управленэу КъБР-м щыIэм, КъБР-м щыIэ МВД-м я лэжьакIуэхэм, къызэпаудащ Нарткъалэ дэс цIыхуитIым ялэжь щIэпхъаджагъэр.**

ЯУБЫДАХЭР къыщащым къытрахащ наркотикхэкI «героин» грамм 49-м щIигъу.

Шэч зыхуащIхэм ятеухуа уголовнэ Iуэху къаIэтащ УФ-м и УК-м и 30-нэ статьям и 3-нэ Iыхьэм, 228-нэ статьям и 4-нэ Iыхьэм и «г» пунктым япкъ иткIэ. Хабзэм къызэригъэувымкIэ, апхуэдэ щIэпхъаджагъэ зылэжьар илъэс 20-кIэ ягъэтIысынкIэ мэхъу.

Редактор нэхъыщхьэ
ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI. 12+

Индексыр П 5894 • Тиражыр 1.574 • Заказыр №587

Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 18.00-рщ.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ПИ № ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым – 42-56-19; унафэщI-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66

ДИ ХЭЩIАПIЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ. 357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А